Absoli

M kontan pou m isi a maten an, e pou m tande egzòtasyon sa, jis antan m ap vin sou lestrad la. M regrèt mwen an reta. Men te gen malad yo dèyè a, nan machin yo, nan anbilans yo, konsa, e—e mwen te dwe okipe m de sa yo ki pat ka antre, nou wè, anvan m te ka antre.

2 Kounye a, mwen mande m si sè a ki gen ti pitit la—la, si li pa ka retounen apremidi a. Mwen vle preche aswè a, tou, si Seyè a vle. Si l pa ka retounen pou konsekrasyon an lè sa a, menm si m rete kanpe tèlman lontan fwa sa a, ebyen, di l pou, li ka mennen ti bebe a kounye a. Men si l ka retounen, sa, aswè a, l ap on tijan miyò pou nou. Men kite l fè sa l kapab, kèlkeswa sa sa vle di. Ebyen, si li pa ka retounen, n ap mennen ti pitit la kounye a pou konsekrasyon an. E kounye a, tout bagay sa yo. . . Pandan m ap pale, si l vle vini kounye a, e se t ap moman an.

3 Kounye a, aswè a, gen yon sijè trè espesyal, mwen—mwen vle pale sou sijè aswè a, yon mesaj pwofetik sou: *Mesye, Èske Se Tan An Sa?* Kifè si Seyè a vle, mwen vle pale sou sijè sa aswè a. *Èske Se Tan An Sa, Mesye?* Oswa, *Mesye, Èske Se Tan An Sa?* pito. E alò mwen vle pwofite opòtinite sa, nan prezans legliz la. Ke, te gen anpil bagay ki te rive nan kèk dènye jou yo, ki pwente sou yon—yon gwo bagay ke m pa konprann. Men nou se, nou toujou. . . Chimen Bondye yo depase tout konpreansyon lòm, kifè nou jis dwe mache pa lafwa. Si yon moun te ka eksplike Bondye, alò li pa t ap nesesè ankò pou gen lafwa, paske ou—ou konnen lè sa. Men nou jis mache pa lafwa.

4 E maten an, mwen te panse mwen t ap eseye jis gen yon sèvis evanjelik regilye, paske, m te on jan chanje lide m apre m te rive isi a epi m te wè tèlman anpil moun ki te kanpe, epi t ap tann tèlman lontan. Epi, aswè a, petèt ap gen mwens isi a, e alò mwen ka kontinye ak sa ke m vle di a.

5 Yon bagay mwen ta renmen anonse, pandan anpil nan yo rasanble, anpil nan nou rasanble. Se yon bagay mwen te evite anonse pou dènye semèn sa yo. Sa se, priyè nou yo te jwenn repons konsènan dosye taks ke m te genyen ak gouvènman an. Li regle. E alò nou se. . . Li—li fini kounye a. Kòm anpil nan nou konprann sa yo te genyen kont mwen se te chèk sa yo ki te fèt pou kanpay la, e poutan yo te eseye di yo te pou mwen la a. E yo te vle fè m peye twasan senkant mil epi kèk dola poutèt se pwopriyete pèsonèl mwen, e se pat sa. Se te pou kanpay la. E legliz la konn sa. Nou tout konnen sa. E finalman yo rive nan kote ke. . .

6 M ap jis ba nou yon ti rezime de sa k te pase. Yo fè prèske twa a senk an, apeprè, prèske senk an, mwen kwè, nan ka a, epi ale vini, ak repitasyon ak tout bagay. Men mwen sitèlman rekonesan

ke yo pat ka jwenn anyen kont mwen, kifè yo pat ka akize m pou sa. Kifè pa t gen anyen pou yo akize, sèlman, yo te di, jis inyorans mwen—mwen, mwenmenm, mwen sipoze, nan pa konnen anpil bagay sou lalwa. Yo te pote chèk yo pou mwen epi m te siyen yo, mete non m sou yo, mete yo nan kanpay la. Men alò, toutotan ke m mete non m sou yo, yo te pou mwen, ou wè. Pe enpòt . . . Yo te di: "Sa se trè janti pou ou, konsa. Men yo te pou ou, epi ou bay legliz yo. Men osito ke ou mete non w sou li, se te pou ou, kèlkeswa pou sa yo te deziyen an. Yo te ekri yo pou ou." Kifè . . . e si yo te mete yo sou . . . yon moun te mete sou sa la, "don pèsonèl," li t ap kòrèk. Men yo te jis ekri: "William Branham." Ou wè? E lè m te mete non m sou li, se te fini lè sa a. Se te tout bagay la sa. Kifè yo te . . . E alò finalman ak lapriyè . . .

7 Epi sa pa fè lontan, nou konnen, yo . . . Mwen te gen vizyon ke yon gwo nonm fonse, plen lafimen, swi, kal, tankou yon kayiman, vini, ap avanse nan direksyon m, ak dwèt an fè. Mwen te gen yon sèl ti kouto, *konsa*. E sa te ekri sou li: "Gouvènman Etazini." E m pa t ka fè anyen. Mwen te san defans. Epi Seyè a te vini sou sèn lan, e Li te venk li. E nou sonje m te pale nou de sa, sa fè lontan.

8 Epi yo te ofri yon konpwomi, lòt jou a. Epi avoka m lan, Mesye Orbison nan New Albany, ak Ice & Miller nan Indianapolis, sou dosye taks la, te rele m, epi te di m: "Vini." Epi m te ale, Frè Roberson avè m, ak madanm mwen, ak administratè legliz yo isi a, ak nou tout. Nou te ale. Epi yo te di nou ke yo te, gouvènman an, te dispoze fè yon konpwomi.

9 Epi mwen di: "Mwen, si m dwe yon moun yon bagay, m ap peye yo. Men m fè tout sa m kapab. Men," mwen di, "mwen pa dwe sa." Epi kifè mwen di: "Mwen—mwen . . . Se, onètman. Bondye konnen. E poukisa yo pa akize m, alò, si m koupab?" Mwen di: "Yo te gen senk an pou yo eseye fè l, men yo pa t ka jwenn anyen pou fè l avè l." Alò mwen di: "Non, mwen refize. Mwen jis p ap peye l jiskaske yo pwouve ke m dwe l."

10 Epi avoka a te pran m epi l te pale avè m, epi l di: "Kounye a, nou ka al nan jijman ak ka a. Gouvènman an pral jije l." Epi li di: "Lè yo fè sa, sèl bagay yo ka jwenn kont ou, se te ke ou . . . " Sa mwen, sa ke, fason mwen te fè l la. Mwen pa t jis . . .

11 M pa konn anyen konsènan kontabilite, kifè m te jis dwe fè l fason m te panse ki te onèt la. E li—li pat janm depoze labank sou non mwen. Li te toujou depoze labank sou non kanpay legliz la e latriye, ou wè, alò se pa t anyen ke m te ka fè sou sa. E mwen . . .

12 Li di: "Ebyen, yo dispoze pou fè konpwomi, pou kenz mil dola, ak yon amand dimil dola." Epi frè avoka yo te kenz mil. Sa te fè m karant mil. E kifè alò yo vle senk anplis, mwen panse se sa kounye a. Alò mwen te ale . . .

13 Mwen di: "Ki kote nan mond lan mwen t ap janm jwenn karant mil dola?" Mwen di: "Ou konnen, kont labank mwen isi a, sa di apeprè san dola, oswa petèt mwens." Mwen di: "Ki kote

m t ap jwenn karant e kèk mil dola?" Epi mwen di: "M pa gen anyen pou garanti. Mwen jis pa genyen l. Se tou."

14 Epi li di: "Mesye Branham," li te di, "men kisa l ye. Si nou mennen ka a nan jijman," li te di, "pa gen okenn dout ke sa nou ka genyen ka a." Li di: "Men men kisa. Nou ka genyen li, paske men sa m pral fè. Yo pral pretann tout sa se pou ou paske ou te siyen non w sou li. E yo pral pretann ke se pou ou, menm si li te depoze labank nan non kanpay la, legliz la, kanpay Branham nan, epi alò se te yon legliz."

15 E pa yon sèl fwa, yo te ka jwenn yon santim ke m te janm depanse pou tèt mwen. Sa se laverite. Bondye konnen. Gen dèzòm ki chita isi a menm kounye a, ki te jis avè m depi lontan. Pa t gen yon santim ke m te janm depanse pou tèt mwen. Se te tout pou Wayòm Bondye a, tout kote, chak chèk, tout lòt bagay.

16 Men, ou wè sa, men sa pa enpòtan. Se te—li sipoze pou mwen, dabò, epi pou legliz la, pou kanpay la. E yo gen yon fason pou fè l, ou konnen, tout kalite chape yo ka fè. Alò apre sa mwen di: "Ebyen, mwen—mwen jis p ap fè sa."

17 Epi li di: "Ebyen, si nou genyen ka a fason sa, paske, mwen pral—mwen pral deklare yo 'don pèsonèl.' Ou wè? Mwen pral deklare l, devan gouvènman an, kòm 'don pèsonèl.'" Epi li di: "Alò, lè m fè sa, tout sa k plis pase di mil dola pral yon eritaj. Epi w ap retounen drèt ladan l ankò, e y ap kenbe w yon lòt senk an, ap tcheke tout sa yo." Ou wè? Lè w ekri yon chèk, li pase nan chanm konpansasyon an. Yo fotokopye, fè kopi chèk sa. Natirèlman, mwen te gen tout chèk yo, tou, ke li te pase. Kifè yo di: "Se la yo pran w, ou retounen drèt ankò."

18 Epi li di: "Yon lòt bagay, Mesye Branham, si ou, te janm rele gouvènman an, konsa, anba yon envestigasyon, kèlkeswa sa ou janm fè, nan je piblik la, 'Ou se yon vòlè.' Ou wè? Men se tou."

19 Gade ti minis Batis sa laba a nan Misisipi, ti kanmarad sa. Yon fanm te di ke l te antre epi l te joure l. E nonm sa te pote prèv ki soti toupatou nan peyi a ak toupatou, li pat menm nan vil la, pandan plizyè jou anvan, ni jou a, ni jou apre a, sitèlman ke jij la te vle tounen dèyè epi fè l rapouswiv fanm lan lajistis pou difamasyon. Li di: "Kite l ale."

20 E lè yo te mete sa sou yon tès *Monitor*, atravè peyi a, nou konnen kisa k te rive? Swasannkenz pousan pèp Ameriken an te di: "Lafimen pa leve san dife." E pòv ti kanmarad sa, jis osi inosan ke m te ka ye, oswa nenpòt lòt moun, pral redi anba sa pou rès jou li yo, alòske li pa t gen anyen ditou pou wè ak sa.

21 M te santi m mal anpil, pandan yon ti tan, pou m panse ke m te mete lavi m pou Wayòm Bondye a, pou eseye fè, wè moun yo peye taks nou epi fè bagay yo, epi fè sa ki byen, epi fè vòlè vin dèzòm ki dwat; epi pou yo konsidere m tankou m te yon vòlè, mwenmenm. Mwen te panse: "Kisa nan mond lan mwen te fè?"

22 Epi sa te vin nan lespri m, e m te gade nan Bib la. Chak nonm
nan Bib la, nanpwen eksepsyon, ki te janm gen yon fonksyon
espirityèl, si Satan pa t ka pran yo sou moralite oswa yon lòt
bagay, se gouvènman an ki te trape yo. Retounen drèt nenpòt
kote ou vle, desann nètale: Moyiz, Danyèl, timoun Ebre yo, Jan
Batis. Jezikri te mouri pa gouvènè a, pinisyon kapital la. Pòl, Pyè,
Jak Legran, Jak Minè a, yo chak te mouri anba gouvènman an.

23 Paske, se, chak gouvènman, se syèj—syèj Satan. Jezi te di sa.
Bib la di sa. Ou wè? Chak gouvènman kontwole pa dyab la. Gen
yon gouvènman k ap vini ki pral kontwole pa Kris, men sa se
nan Milenyòm lan. Men sa, gouvènman sa yo kounye a, kèlkeswa
jan nou panse yo byen, poutan, pa dèyè, yo—yo domine pa Satan.
"Wayòm sa yo," li di, "se pou mwen. M fè avèk yo kèlkeswa sa m
vle. M ap ba Ou yo, si Ou adore m."

24 Jezi di: "Wete kò w la, Satan. 'Ou va adore Seyè a, e se Li sèl
ou va sèvi.'"

25 Epi mwen te vin dekouraje. Madanm mwen ap koute m. M
te kontinye, m te di: "Non, mesye. Mwen, si m te dwe l, m t ap
peye l. Mwen pa dwe l, e mwen jis p ap peye l. Se tou." Mwen di:
"Kijan m ka peye l, de tout fason?"

26 Kifè, mwen t al lakay. Mwen di: "Meda, lave figi timoun
yo. Pare rad yo. M ap pati." Mwen di: "Yo pa menm vle . . . Tout
bagay, se jis tèt anba."

27 Mwen di: "Kisa m fè? Di m." Mwen di: "Poutan, mwen menm,
karant mil dola? Ouf! Ou pa reyalize sa sa vle di pou mwen."

Epi li vini, tankou yon ti madanm janti t ap fè, li di . . .

Mwen di: "M ap pati."

28 Li di: "Ou panse sa t ap itil yon bagay? Ou deja priye sou sa?"

29 M te panse: "Ebyen, petèt mwen ta fè byen pou m priye ankò."
M retounen antre. Li te sanble tankou Li te di m, yon Ekriti.

30 Toujou, nou vle obsève Lekriti, sa Bondye te fè sou sa, ou wè.

31 Epi yon jou, yo te mande L, nou konnen, yo t ap eseye—yo t
ap eseye akize L devan gouvènman an. Yo di: "Èske li kòrèk pou
noumenm Jwif ki lib pou nou peye Seza tribi oswa taks?"

Li di: "Nou gen yon santim?" Li di: "Enskripyon kilès ki sou
li?"

Li di: "Se pou Seza."

32 Li di: "Alò bay Seza bagay ki pou Seza yo. E pou Bondye,
bagay ki pou Bondye yo."

33 Mwen te panse a sa. Mwen te vire nan Bib la epi m te li l. M
te panse: "Se vre, Seyè, se vre. Men *sa* pa pou Seza. Sa se te pou
Ou. Se pat pou Seza. Si se te pou mwen, m ta dwe peye plis taks
oswa yon bagay konsa, ebyen, sa t ap diferan, si se te pou Seza
li te ye. Men, *sa*, sa se pou Ou. Ou wè? E li—li pat pou Seza, pou
kòmanse."

34 Ou konnen, Li toujou gen repons lan nan Pawòl la. Mwen te jis li on tikal pi lwen, epi Li te di: “Ey, Simon, èske w pa gen yon kwòk pwason nan pòch ou?” Ou wè? “Ou toujou pote yon ti kwòk pwason ak yon fisèl. E mwen te fèk fè yon depo maten an, nan yon bank pwason jere laba a nan—nan rivyè a, ou konnen.” Li te di Li . . . “Mwen te fè yon depo, e bankye a pral sètènman rebay sa l genyen an. Jis desann la epi jete zen an nan rivyè a. Epi lè w rive bò rivaj la, louvri bouch li, ou wè, e li va—li va bay pyès monnen an. Ann pa ofanse yo. Ann pa eskandalize yo. Ou wè? Al peye l, Simon. Sa va pou Mwenmenm avè ou.”

35 M te panse: “Se vre, Bondye. Ou gen bank pwason ak tout lòt bagay, atravè peyi a. M pa konn kijan sa pral fèt.”

36 Men nou te ale laba a. Mwen te mennen kèk frè isit la nan legliz la ki te andose m, mwen te ranpli yon avi retrè, epi m te jwenn karant mil dola yo, epi m te peye l.

37 Mwen t al lakay mwen. Mwen te vle konnen si fason mwen te ekri chèk la t ap lakòz yo ban m pwoblèm. Mwen di: “Sa se pou di ke mwen lib de tout taks. Ebyen, pito yo andose sila a, se sèten yo pral nan gwo pwoblèm apre sa.” Mwen te kontinye rele, bank lan, pou wè si yo te aksepte l.

Epi, finalman, Bob te di m, li te di: “Billy, yo aksepte l.”

38 M te antre epi m te pase bra m antoure madanm lan, m te di: “Cheri, m lib.” Ala yon bèl sansasyon, pou m santi m lib!

39 E konsa mwen ka ranbouse l kounye a, yo te rann li vrèman fasil pou mwen. Mwen ka remèt li a kat mil dola pa ane. Kounye a, mwen pa ka flannen ankò, zanmi. Mwen dwe soti epi al travay. Kifè mwen—mwen . . . Sa pran m dizan pou m ranbouse l. E si—si Jezi pa vini. E lè sa, lè Li fè sa, tout dèt yo ap fin regle de tout fason. Ou wè? Kifè, alò, kifè mwen—mwen espere ke nou tout . . . Priyè nou yo . . . E, aswè a, m ap kontinye ak yon bagay jis yon ti kras sou sa. Men priyè nou yo se sa ki te ede m. Mèsi, anpil. Bondye beni nou. Kèlkeswa kote nou ye, mwen p ap janm bliye sa.

40 Aswè a, si Seyè a vle, mwen swete eksprime kèk nan fè ke mwen konnen yo. Epi asire nou pou nou vini. Kounye a, sonje: *Mesye, Ki Lè Li Ye?*

41 Kounye a, nou pral . . . Mwen kwè, yo gen yon orè konplè pou rès lan . . . semèn sa. E lendi swa se . . . Sèvis yo, aswè a, jodi a ak aswè a, epi lendi. Lendi swa se sèvis veye a. E—e alò sa ba ou madi, Joudlan an; si w deyò vil la, ou ka retounen lakay ou.

42 E nou pral gen kèk bon minis isi a kounye a pou reyinyon sa a. Nou, yon—yon gwo gwoup bon oratè, e tout moun pral pale nan chak peryòd tan, jouk rive nan minwi. E pafwa yo pran kominyon, si sa aliyen. Mwen pa konnen si y ap fè l fwa sa, oswa non. Alòske y ap banboche, epi ap rele, ap tire, epi ap bwè, epi ap konpòte yo mal, n ap pran kominyon an. Amèn. N ap

kòmanse Nouvèl Ane a kòrèkteman, ak kominyon an. Bon, nou tout envite. E mwen espere ke, nou, Bondye nan syèl la va ba nou yon opòtinite pou rete la si nou kapab.

43 Kounye a, anvan nou apwoche Pawòl la, mwen vle di sa, tou, ke sètènman mwen remèsye legliz sa, manm li yo, pou bèl konplè rad sa nou te achte pou mwen. Mèsi, anpil. Sa touche m anpil vrèman. Tout kat nou yo ak bagay pandan sezon Nwèl la—la—la, ak kado ke nou te voye bay fanmi an, e, o, mwen, yo te inonbrab pou mwen. Epi ti bagay sa yo ki pa ka touche plas nan kè m, pa gen anyen ki ka fè sa menm jan an, pou m konnen yo soti bò kote nou. E kifè kèk nan yo te voye kèk kado Nwèl yo an lajan ban mwen.

44 E kèk nan yo te voye bagay konsa. Yon frè te voye yon pòtfèy pou mwen, e li te fè l ak non m sou li. Yon ti zepeng ke w ka gade atravè li, e li gen Priyè Seyè a ladan l. Epi, o, bagay konsa, se jis, nou jis cheri sa. Madanm mwen avè m, ak timoun yo vle di nou: "Mèsi, anpil." Se sitèlman piti. Men m ap di sa, sa se pi gran pawòl mwen panse ke nenpòt moun te ka di: "Bondye beni nou." Pa gen anyen ki te ka pi gran.

45 Kounye a, e pou frè sa yo isi a nan legliz la, ki te achte fizi sa pou mwen, mwen—mwen te mete kostim mwen an, men mwen—mwen pa t ka pote fizi a nan legliz la. Men se te. . . Yo t ap reyèlman gen yon bagay kont mwen lè sa a, pa vre? Kifè mwen—mwen—mwen sètènman di nou mèsi, frè m yo. E m ta pral li non yo sou yon ti. . . Men youn nan frè yo te pase yè, li te di m: "O, pa—pa—pa remèsye m, Frè Branham. Sa t ap jis retire tout lajwa a ladan l." Ou wè? Alò mwen te panse petèt rès yo ta ka panse menm bagay la. Men mwen gen non w. Yo te tape l. M ap toujou sonje li. E Seyè a beni nou anpil.

46 E nou konnen nan kisa m detann mwen, e se ale nan biwo sa a epi chita la, epi reviv tout ankò. Lè m sitèlman sou tansyon, m pa ka ale pi lwen, alò m panse a kèk vwayaj lachas mwen te fè yon kote, oswa yon kote m t al lapèch. Mwen apresye sa. Bondye beni nou.

47 Kounye a, èske nou ka koube tèt nou jis yon moman, antan n ap apwoche Pawòl la. Mwen sèten gen rekèt isi a maten an, ki twòp pou konte kounye a menm. Alò mwen mande m, pandan ke tèt nou bese, demann espesyal nou an, si nou te jis kenbe l nan kè nou, epi jis leve men nou, epi di: "Bondye, Ou konnen a kisa m ap panse kounye a."

48 Seyè Jezi, Ou wè chak men. E Ou konnen kisa ki dèyè sa. La a dèyè men sa gen yon rekèt. E n ap vini kounye a, ak respè, al sou Twòn Bondye vivan an, gwo pèl blan sa ki etann li atravè espas tan an, kote Jewova Bondye chita La a, epi San Kris la blayi sou lotèl la. E nou pale atravè San sa, pa Sila ki te di: "Mande Papa a nenpòt bagay nan Non Mwen, sa va akòde." Èske Ou p ap tande,

Bondye, maten an, epi reponn rekèt yo? Mwen mete priyè pa m avèk pa yo, jodi a, ke Ou va akòde sa.

49 Men mouchwa ki depoze isi a, Seyè, sa se pou malad yo ak aflije yo. E yo anseye nou nan Bib la, ke, "Yo te pran mouchwa ak tabliye ki te touche Sen Pòl, epi yo te plase yo sou malad yo, epi espri enpi te soti nan yo, epi maladi yo te pati." Epi, Papa, jan nou te konnen sa depi lontan, e nou konnen sèten ke nou pa Sen Pòl. Men, apre tou, nou santi ke se pat Sen Pòl. Se te Kris la ki te nan li. E Ou se "menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan," dapre Lekriti a. Kounye a, moun sa yo, Seyè, kwè ke si nou mande Bondye, epi pran mouchwa sa yo epi depoze yo sou malad yo, ke yo va geri. Mwen priye ke sa va konsa, Seyè, lè mouchwa sa yo va plase sou malad yo.

50 E jan sa di a, yon fwa, Izrayèl te kòmanse nan liy devwa li, a pral nan peyi pwomès la, epi Lamè Wouj la koupe wout yo, drèt nan chimen devwa a. Men Bondye te gade anba atravè Kolòn Dife sa, ak je ki an kòlè, e lanmè sa te vin pè. Epi li te woule vag li yo dèyè, dlo l yo. Epi Izrayèl te pase sou tè sèk, pou al nan peyi pwomès la.

51 Kounye a, Seyè, jodi a, gade atravè San Jezi a. E Ou wè zak lafwa sa ke n ap akonpli isi a maten an. E se pou Satan vin pè epi deplase. E ke chak nan pèlren sa yo ki prezan, epi chak nan mouchwa sa yo va lonje sou yo, ke yo . . . wout la louvri, epi maladi disparèt, e ke yo vwayaje nan direksyon tè pwomès la, pou yo kondwi pa Sentespri a, Kolòn Dife a. Akòde l, Seyè.

52 Kounye a, beni sèvis yo, pawòl yo, kontèks la, lekti a. E ke Sentespri a pran Pawòl la, maten an, epi separe Li dousman bay nou chak, Seyè, pandan n ap pwoche kèk gwo bagay fòmidab ke nou pa konnen kisa. Kè nou yo bouje yon fason etranj, Seyè. E nou priye kounye a, antan nou apwoche W ak Pawòl Ou ak respè, ke Ou va entèprete pou nou siyifikasyon l lan. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

Kounye a, aswè a, pa bliye . . . *Lè A, Ki Lè Li ye*?

53 E kounye a, maten an, mwen ta renmen vire, nou menm tou ki gen Bib nou yo. Oswa make sa, si nou vle, nan Lèzekriti, nan kote nou vle pale a, pou kèk moman, ki twouve l nan Liv Ak. Nou va li petèt de oswa twa kote. Ak 26:15, an premye. Ak, chapit 25 la ak vèsè 15 lan, pou kòmanse.

54 Apre sa nou vle li Ak 23:11. E nou ta ka ajoute avèk sa, si nou vle, petèt mwen p ap gen tan pou m li l, Filipyen 1:20. Tout se nan menm liy lan, menm mo yo.

55 Kounye a, nan Liv Ak, 26:15, kote sa li konsa:

Epi mwen di: Ki moun ou ye, Seyè? Epi li di m: Mwen se Jezi w ap pèsekite a.

. . . leve, epi kanpe sou pye ou: paske se pou sa mwen parèt devan ou, pou fè ou tounen yon minis ak yon

temwen de toulède bagay sa yo ou te wè yo, ak bagay sa yo kote m ap parèt devan w;

mwen chwazi ou nan mitan pèp sa, ak nan mitan Moun lòt Nasyon yo,. . .*vè ki mwen voye ou kounye a,*

pou ou kapab louvri je yo, pou fè yo soti nan fènwa pou vin nan limyè, pou wete yo anba pouvwa Satan vin jwenn Bondye, pou yo ka resevwa padon pou peche yo, epi jwenn yon eritaj nan mitan moun ki sanktifye yo pa mwayen lafwa nan mwen.

Kidonk, O. . .Agripa, mwen pa t dezobeyi a *vizyon selès la:*

Men pou sa yo ki te montre *an premye* nan *Damas, epi nan Jerizalèm, epi atravè tout zòn Jide a, epi* sa yo. . .*nan mitan Moun lòt Nasyon yo, mwen te preche repantans ak konvèsyon bay Bondye, avèk pratik zèv ki diy repantans.*

56 Nan Ak 23, ak vèsè 11 lan ankò:

E nan nuit ki te vin apre a, Seyè a te kanpe bò kote l, epi li di l: Pran kouraj, Pòl: paske. . .ou te rann temwayaj pou mwen nan Jerizalèm, fòk ou rann temwayaj tou nan Wòm.

57 Se pou Bondye ajoute benediksyon sen Li yo nan lekti Pawòl sen sa a, ki plen gras ke nou genyen devan nou an.

58 Bon, m t ap tande yon nonm ap pale, oswa bay lentriksyon, sa pa fè lontan, e li te itilize mo *Absoli* a. E m te panse: "Sa se yon trè bon mo." Mwen tande sa itilize tèlman anpil fwa: "Absoliman." Sa se. . .

59 Mwen te gade nan diksyonè a, nan pa Webster a, dapre pa Webster a, li siyifi: "Pafè nan limenm; san limit nan pwisans li; prensipalman yon pwen referans final." E yon *pwen referans final* se: "Amèn nan. Se tou." Yon *absoli*, li se—li se "Pwisans san limit la," mo *absoli* a. Li se—li se, "Pafè nan limenm. Pa gen anyen plis pou ajoute. Sa regle pwoblèm nan."

M te panse: "Sa se yon bagay gloriye. Sa se yon mo mèveye."

60 E bon, yon mo se yon panse ki eksprime. Premyèman, li dwe yon panse, e apre sa li vin yon mo. Anfèt, nou pa pwononse mo nou yo san nou pa panse yo.

61 Lè nou pale an lang, nou pa gen okenn panse. Se Bondye ki pran panse yo. Se panse Bondye k ap sèvi ak bouch nou. Nou pa panse oswa konnen kisa w ap di lè w ap pale an lang, si se pale enspire. Lè w ap entèprete, ou pa konn sa w ap di a. Ou jis di li. Se tou. Ou wè? Sa se Bondye. Epi nan pwofetize, ou pa sèvi ak pwòp panse w yo. Se Bondye, paske ou di bagay ke òdinèman ou pa t ap panse pou di. Ou wè?

62 Men mo *absoli* a se "yon pwen referans final." E, kidonk, mwen panse ke tout moun ta dwe gen yon pwen referans final. E chak gwo akonplisman ki te janm reyalize, te gen yon absoli dèyè sa. Kèlkeswa sa l te ye a, li te gen yon absoli dèyè l. E chak moun, pou l reyalize yon bagay, dwe gen absoli a dabò. Epi sa se apre yon dènye refleksyon pwofon, kote ou pase nan *sesi*, *sela*, epi ou retounen nan *lòt* la, jouk ou rive nan absoli sa, oswa amèn nan, oswa pwen referans final la. De sa ou. . . Ou gen yon bagay ou dwe mare avè l, nan lòt mo. Sa a se poto datach final la, pou nenpòt reyalizasyon. Li sitiye yon kote. Li ka flannen nan plizyè bagay diferan jiskaske li rive nan poto datach sa a; men se la amèn nan ye pou tout bagay. Dwe gen yon bagay konsa. Ou pa ka kontinye nan lavi san w pa gen youn.

63 Oumenm, lè ou te marye, ou dwe te fè kèk gwo refleksyon nan tèt ou, yon bagay, jiskaske ou te rive nan poto datach sa a. E sa te dwe lanmou pou madanm ou, oswa pou mari w. Ebyen, petèt li pa bèl menm jan ak madanm John; oswa li, ebyen, li pa *sesi*, *sela* a—a. Men gen yon bagay nan li, ke, oumenm, sa frape w. Ou—ou—ou di: "Manzè ta ka pa bèl menm jan ak lòt la," oswa, "Misye ta ka pa bèl menm jan ak lòt la." Men dwe gen yon absoli la, ke moun sa diferan, e men kote ou kenbe fèm sou li. Si sa pa la a, pito w pa marye. Poto datach sa a! Absoli sa a!

64 Nou ka panse a anpil moun ki te gen absoli, nan Bib la. O, nou te ka pakouri Bib sa a nèt, depi nan kòmansman rive nan fen, epi nou ta toujou la nan de semèn. epi pa janm menm touche sifas la, si nou ta panse ak absoli yo nan Bib la. Pa egzanp, kite m jis rele youn oswa de, jis site yo brèf.

65 Gade Jòb, kounye a, li te gen yon absoli. Tout bagay te ale mal pou nonm sa, yon nonm jis. Kounye a, nou pa t ap oze di ke li pat jis, paske Bondye te di li te jis. Pa t gen pèsonn sou latè tankou Jòb. Li te pafè, nan je Bondye. E li te konnen sa, paske li te gen yon pwen referans final. Li te gen yon absoli, lè tout bagay te sanble l kontrè.

66 Maladi te pete. Zanmi l yo te ka di: "Kounye a, men ni, Jòb. Sa pwouve ke w ap peche. Ou gen tò." E apre sa evèk yo te desann. Yo te rele yo konsolatè Jòb yo. E olye pou yo konsole l, yo pa wè anyen ke peche nan lavi l, paske Bondye te trete avè l fason Li te fè l la.

67 Epi yo te touye pitit li yo. Pwopriyete li—li yo te boule. Tout bagay pa li—li yo te ale mal. E menm pwòp vi l te an danje, li te chita sou yon pil sann, li te kouvri ak ilsè depi nan kouwòn tèt li jouk nan pla pye l. E menm bèl konpay dous li a, manman timoun sa yo, te di: "Ou ta dwe modi Bondye epi mouri mouri w." Men nan fas tout bagay sa, Jòb te gen yon absoli.

68 O, nan moman maladi a, si nou te ka sèlman mare tèt nou ak absoli sa!

69 Jòb te konnen ke li te fè kòmandman Jewova a. E li te gen lafwa nan sa l te fè, paske Jewova te egzije sa. Nou ka jis fè sa. Jewova te egzije yon sakrifis boule pou peche li. E Jòb, non sèlman pou tèt li, men pou pitit li yo, te fè yon sakrifis boule, e se tout sa Bondye te egzije.

"O," ou ta ka di: "Mwen swete ke se tout sa Li egzije jodi a."

70 Li mwens ke sa. Jis lafwa nan Pawòl Li! E ou menm, si ou fè Pawòl Li Absoli ou, ou kapab, nenpòt pwomès Diven nan Bib la, ou ka mare nanm ou ak sa. Kèlkeswa kantite vag yo ki fwete w, ou toujou mare; absoli pa w.

71 Epi li te kenbe l fèm. E lè konsolatè l yo te di: "Ou te peche," li te konnen li pa t fè sa. Li te jis, paske li te fè kòmandman Jewova a. E lè tout . . .

72 Nonm lan te antre, li di: "Timoun ou yo mouri." Yon lòt te antre, li te di: "Chamo w yo boule nèt. Epi men gen dife ki te desann sot nan syèl la."

73 Gade ki agiman moun ki pa t ap konsole l yo te genyen. "Ou wè? Dife a te soti nan syèl la. Kounye a, Jòb, sa pwouve." Sa pa pwouve anyen. "Kounye a, Li pa t ap frape pitit ou yo, Jòb; ou se yon nonm jis."

74 "Men," Jòb te di, "mwen konnen ke m te fè sa ki dwat." Li te toujou kenbe fèm. Li te gen yon bagay ke li te ka antre fon. Se sa. Li te aksepte sa. Li te fè egzakteman sa Bondye te di l fè, e li te sèten absoliman. Dakò.

75 Alò lè l te rive nan pwen an, lè absoli sa te kenbe, alò finalman li te kòmanse santi tansyon an vin pi sere, sa t ap lache, sa t ap dekole, men sa te kòmanse sere. Epi Lespri a te desann sou li. Epi li te leve kanpe, antanke yon pwofèt, epi li te di: "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan." Amèn. Ou wè? Li te ranfòse relasyon li avèk absoli li a. Li te antre an kontak. Li te konnen ke li te fè sa ki dwat, epi yon jou li te oblije rive pre sa anpil. "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan, e nan dènye jou yo, Li va kanpe sou tè sa. Menm si apre vè sou po yo detwi kò sa a, poutan nan chè m mwen va wè Bondye." Li te konnen lè sa a. Alò absoli li te ankre.

76 Abraham te gen yon absoli, li te desann soti Babilòn, nan gwo kay won an, epi laba a nan Schinear la, epi kote li te rete ak papa l, e petèt li te yon kiltivatè. Men yon jou, byen lwen nan jeng yo yon kote, petèt li t ap keyi bè, oswa—oswa li ta pral touye yon bèt kòm vyann pou l manje; epi yon kote laba a, Bondye te pale avè l, lè l te gen swasannkenzan. E li te . . . Li menm ak madanm li, Sarah, manzè te gen swasannsenk an, li te san pitit—san pitit. Yo pat gen okenn timoun. Alò Bondye te di l: "Ou pral gen yon pitit pa Sarah. Men, pou w fè sa, ou dwe separe tèt ou."

77 Pwomès Bondye yo toujou sou kondisyon. Ou dwe, absoliman . . . Kèlkeswa jan ou fondamantal ak pwomès la, li toujou anba kondisyon. Ala nou te ka rete isi a epi pakouri

Lekriti sa, ale vini, pandan plizyè èdtan, ou wè, ke kondisyon an se sa ki vle di yon bagay. Ou ka jis fondamantal otan w vle a, men se anba kondisyon pa pwomès la, predestinasyon an, e latriye. Remake.

78 Kounye a, "Abraham, li te kwè Bondye, e sa te konte pou li kòm jistis." Bon, ala yon—yon bagay terib sa t ap ye pou kontre ak yon—yon mond sivilize, yon nonm swasannkenzan, ak yon fanm swasannsenk an, e yo te viv ansanm depi yo te jèn koup, paske li te demi sè l, e kounye a li ta pral gen yon tibebe avè l. Men li te gen yon absoli. Pa t gen anyen ki te ka ebranle l.

79 E lè, nan premye mwa a, sa pat rive, absoli li te kenbe, paske li te konnen li te pale ak Bondye. Dezyèm mwa a, dezyèm ane a, dizan, epi vennsenk an pita, lè li te gen santan, epi Sara te gen katrevendizan, absoli li te toujou kenbe.

80 E Bib la di, lè yo te ekri anons lanmò li, Li di: "Abraham pa t doute nan pwomès Bondye a, nan enkredilite, men li te djanm, ap bay Bondye lwanj."

81 Poukisa? Èske w te janm panse poukisa? Li te absoliman sèten. E sèl bagay li te dwe fè se te separe tèt li de pèp li a. E Bondye pa t janm beni l jouk li te fè sa. Li te pran papa l. Papa l te mouri. Li te pran Lòt. E lè, apre Lòt te separe ak Abraham, alò Bondye te vin jwenn li, Li te di: "Kounye a, pakouri peyi a." Ou wè?

82 Obeyisans, pwomès, anba kondisyon yo, toujou ale ak Bondye ak Pawòl Li. Kounye a gade . . .

83 Ann pran Moyiz. Moyiz, pwofèt sèvitè ki te sove a—a, ke Bondye te leve l epi te edike l nan palè Farawon an. E—e Moyiz te soti ak fòmasyon teyolojik li a, epi te . . . premye nonm li te touye a. Alò, premye ti defèt la te vini, apre sa Moyiz te pè amò.

84 Poukisa? Li pa t gen okenn absoli. Li te gen sèlman temwayaj manman li—li konsènan nesans li. Li te yon timoun etranj. Li te gen pawòl manman l sou sa. Li te gen woulo yo ke Bondye te gen petèt sou papye yon kote, yo te ekri, pote avèk yo, ke Bondye ta pral vizite pitit Li yo. Li te konnen ke se te tan an.

Tankou nou konnen l kounye a, nou konnen yon bagay ap pare pou l rive.

85 Bon, Moyiz te konnen se te tan an, e li te konnen ke yo te chwazi l pou sa, men li pa t gen yon absoli. Ou wè?

86 Epi yon jou, sou dèyè dezè a, lè l te pèdi vizyon an, Bondye te parèt devan l, nan yon bwison adan. Epi Li di: "Moyiz, Mwen wè afliksyon pèp Mwen an. Mwen tande jemisman yo ak kriye yo, ak chèf kòve sa yo k ap pini yo. E mwen sonje pwomès Mwen an. Mwen desann pou delivre yo. Kounye a desann an Ejip." O la la!

87 Moyiz di, ap plenyen, ap di: "Mwen pa pale trè byen. Fason mwen—mwen pou m pale pa trè bon. Yo p ap kwè m."

Li di: “Kisa k nan men w?”

Li di: “Yon baton.”

88 Li di: “Jete l atè.” Li te tounen vin yon sèpan. Li di: “Ranmase l nan ke a.” Li te retounen vin yon baton ankò. Li t ap ba l asirans lan, yon konfimasyon.

89 Lè Bondye bay yon absoli, Li bay konfimasyon an pou absoli sa a, toujou.

90 Alò Moyiz, lè l te ale laba a, e li te jete baton li atè devan majisyen yo ak Farawon, epi majisyen yo te vini epi te jete baton yo tou, Moyiz pa t janm kouri epi di: “O, ebyen, m te gen tò. Aa, se jis yon riz majisyen bon mache, e petèt mwen te gen tò.”

91 Men li te konnen. Li te pozitif ke l te rankontre Bondye, e li te rete trankil. Ann di li te fè egzakteman sa Bondye te di l fè. Se konsa Jòb te fè egzakteman sa Bondye te di l fè. Moyiz te swiv kòmandman L yo. Alò, rete trankil epi gade glwa Bondye a. Moyiz te mare ak absoli li, komisyon li, e li te rete trankil. E lè l te fè sa, sèpan l lan te vale rès sèpan yo. Ou wè? Li te mare ak absoli sa.

92 Bondye di: “Lè w fin delivre timoun sa yo, ou va adore M ankò sou mòn sa a.”

93 Kounye a, lènmi an, nan tout fason ke l kapab, pral eseye fè w ale lwen absoli sa.

94 Menm jan yo te kòmanse soti nan peyi Lejip, yo te vin kwense drèt nan bò Lamè Wouj la—la, ak mòn sou chak bò. Yo te rive nan yon vale, e men Lamè Wouj la te la a. Pa gen okenn mwayen pou chape sou ti mòn yo, okenn mwayen pou chape nan direksyon *sa*, e lame Farawon an ap vini nan direksyon *sa*. Ala yon kote pou kanpe!

95 Ou wè kòman dyab la fè w rive nan yon plas kote ou pa konn kisa pou w fè? Men sonje, si w mare ak absoli sa, se sa ki gen kontwòl la.

96 Moyiz te konnen ke Bondye te pwomèt li, ke, “Ou va adore sou mòn sa lè w fè yo soti. E Mwen te desann, avèk men w, pou delivre yo epi mete yo nan lòt peyi sa.” Li te rete dwat avè l. E Bondye te voye yon van lès epi te soufle dlo yo, soti nan fon lanmè a, e yo te travèse sou tè sèk. Yon absoli!

97 Ala nou te ka pakouri Lèzekriti: Danyèl, absoli li; Chadrak, Mechak, ak Abèdnego, absoli yo; David, absoli li; tout, absoli.

98 Pòl te gen youn, tou, sila nou li sou li a. Li te gen yon apèl ki santre sou Kris, e se te absoli l. Se pou rezon sa li pat pè sa Agripa t ap di. Li te kanpe la, epi Agripa te yon Jwif, jan nou konnen. E konsa alò lè l kanpe devan wa sa yo ak bagay konsa, Bondye te deja di l li t ap kanpe la. Kifè, li te gen yon absoli, alò li te rakonte egzakteman vizyon Selès la. Li di: “Mwen pa yon . . . Mwen pat dezonore sa. Mwen te . . . Pa t mal jije l. Mwen pa t mal

konpòte tèt mwen." Men li te kenbe la, e li pat dezobeyisan. Li te akonpli l, ala minit, paske se te yon absoli.

E tout vi ki santre sou Kris, sa se absoli ou.

99 Kounye a, depi l te rankontre L, fas a fas, sou wout Damas la, sa te vle di tèlman anpil pou Pòl.

100 Kounye a, sonje, li te yon save, oparavan. Li te yon nonm pwisan nan Lèzekriti. Men li pa t gen okenn poto datach ke Sanedren an ki t ap sipòte l, ak yon—ak yon diplòm ki soti nan men yon—yon—yon gwo anseyan. Li te yon grantòm nan chan li. Men li t ap titibe, tout sa li te genyen, absoli li a pa t ap osi fò ke òganizasyon li an. Se te tout fòs sa a li te kapab posede. E li t ap travay fidèlman pou sa, e li te pran Kretyen yo, epi mare yo, epi fè ravaj sou yo, e li te menm lapide Etyèn.

101 Mwen panse, pita nan lavi l, rezon ki fè li te ale Jerizalèm, lè pwofèt la te di l: "Pa monte la, Pòl, paske chenn ak prizon ap tann ou."

102 Epi Pòl te di: "Mwen konnen sa! Men mwen pa pral sèlman Jerizalèm kòm yon temwen, men, m pral la, m prè pou m mouri pou Jezikri." Paske li te konnen sa l te fè, e anbisyon li se te sele temwayaj li ak pwòp san li, mouri yon mati, paske li te touye youn nan mati Bondye yo.

103 E kounye a li te sou wout li pou al Damas, ak tout edikasyon li. Li te elèv gran doktè sa a, Gamalyèl, e kijan yo te anseye l nan tout relijyon Jwif la. E poutan, ak tout sa, li te fèb, e li pa t gen kapasite pou fè sèten bagay. Epi toudenkou, te gen yon Limyè, ak yon gwonde, petèt, ak yon tonè. Epi li te frape, epi li te tonbe atè a.

104 Epi li te gade anlè. Te gen yon Limyè k ap briye, ki te avegle je l yo. E ala yon bagay etranj sa te ye. Pyès lòt moun pa t wè Limyè a, sèlman Sòl. Sa te sitèlman pwomèt, tèlman reyèl pou li, jouk Sa te avegle je l yo. Li pa t ka wè. Avèg totalman, ak Kolòn Dife sa a ki t ap resplandi drèt nan figi l. Epi li te tande yon Vwa k ap di: "Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite Mwen?"

Li di: "Seyè, Kimoun Ou ye?"

105 Li reponn: "Mwen se Jezi. Epi li difisil pou ou reziste kont pikan sa yo." Leve kounye a, epi ale Damas, e la yo va voye yon moun pou ou." Alò lè l te leve soti la . . .

106 E te gen youn, yon pwofèt, laba nan vil la, ki te wè nan yon vizyon pandan l t ap priye, e li te vini. Ananyas te vini, epi l te vin jwenn Sòl. Li te poze men l sou li, e li te geri pa gerizon Divin. Li te leve lè sa a, li te batize, peche l yo te lave, li te envoke Non Seyè a. Epi li te gen yon absoli. Li pa t janm menm jan an apre sa. Li te ale toudwat, sot nan legliz al nan legliz, sot yon kote al yon kote, ap eseye bati sa ke li te eseye demoli.

107 Ala nasyon an, ala monn Kretyen an, maten an, bezwen kalite absoli sa. Sila yo ki ta . . . ? . . . kredo ak tradisyon, te eseye,

ak doktrin lèzòm, diskalifye Pawòl Bondye a ke l se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Yo bezwen yon absoli, yon eksperyans rankont, sou yon wout Damas, Bondye vivan an Ki ka geri malad yo, epi resisite mò yo, epi chase demon yo. Yon absoli otantik!

108 Pòl te konnen ke yon bagay te rive. Pa t gen pèsonn ki te ka retire l nan men l. Pa t gen anyen lòt ki te enpòtan. Li te mare, e se te sa. Kèlkeswa sa k te vini, li te konnen li te mare, lavi ki santre sou Kris la. O!

109 Lavi ke l te viv la se te yon vi diferan. Kounye a, sonje, li te yon nonm relijye.

110 E pou kèk nan nou moun yo maten an (e mwen konnen nou reyalize ke bann sa ap fèt, pral jwe nan chak nasyon anba syèl la, apeprè, atravè mond lan); epi kèk nan nou moun ki isi a, prezan; epi kèk nan nou kote yo pral jwe bann yo nan lòt nasyon yo (pa yon entèprèt k ap bay li bay tribi Lafrik yo, laba kay Hottentot yo, epi—epi toupatou); e pou nou menm lidè relijye yo ki fèk resevwa yon enstriksyon nan Bib la:

111 Nou te resevwa l apati de yon pwendvi istorik, e nou petèt kapab eksplike tout bagay sa yo, men si nou pa gen yon absoli, nou pa gen yon—yon eksperyans, epi si eksperyans sa ke—ke nou pretann nou genyen an fè nou nye ke chak Mo nan *Sa a* pa jis vre pou Legliz la jodi a menm jan Li te janm ye, epi n ap mete konfyans nou sou Lisans nan Atizay nou oswa kèlkeswa sa nou te ka genyen, si n ap mete konfyans nou sou panse òganizasyon nou an ki ta di: "Jou mirak yo pase, e nou pa gen gerizon Divin, e batèm Sentespri a tankou yo te resevwa nan Jou Pannkot la se pa pou moun yo jodi a," si se tout sa nou genyen, presye frè mwen, sè, nou bezwen yon eksperyans nan wout Damas!

112 Nou bezwen rankontre Bondye vivan sa a, kote nou, pa sèlman yon panse mitik nan lespri nou, se pa yon frison, oswa yon jan de sansasyon, men yon ansèyman ak eksperyans de yon bagay reyèl, otantik. Menm Jezi ki te mache nan Galile a ap viv jodi a, epi vivan pou tout tan. E Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Yon absoli, ke ou pa gen pou pran sa yon moun te di. Ou konnen pou tèt pa ou, pa yon sansasyon.

113 E si sansasyon ke w te genyen an, epi yon moun, sa ta ka yon vrè sansasyon Bib la, epi yon moun te eseye konvenk ou otreman, li di bagay sa yo se pou yon lòt lè. Fè atansyon. Se vre. Fè atansyon. Men gen yon fason pou konnen. Teste l ak Pawòl la. Se plan an sa.

114 Si kay la monte kontrè ak plan an, kontraktè a va demoli l epi rebati l. Men li dwe konfòm ak plan an.

115 Pe enpòt sa eksperyans ou ye, alò, si yon bagay nan ou di ou ke Bib sa a se pa vre, pwisans Bondye sa, apot, pwofèt, ak anseyan, ak pastè yo, epi don Lespri a jis pa menm jan ak sa l te ye lè sa te koule atravè apot sa yo nan Pannkot, gen yon bagay ki pa bon ak absoli w la, li dwe lye ak yon kredo denominasyon

olye de Bib Bondye a, lè Li te di: "Syèl la ak tè a pral pase, men Pawòl Mwen p ap janm fayi." Gade kisa absoli ou ye.

116 Ou ka absoliman sèten ke ou nan bon kominyon ak pastè a. E ou ka absoliman sèten ke ou nan bon kominyon ak siveyan rejyonal la. E ou ka absoliman sèten ke ou nan kominyon ak evèk la oswa kèk lòt gwo mesye nan legliz ou. Men si w pa . . . Absoli w la se pa Jezikri.

117 "Paske sou Wòch sa M ap mete absoli M lan, e pòt lanfè yo p ap domine sou li." Revelasyon espirityèl de Kilès Li ye, epi konnen sa! Trè byen. O!

118 Kounye a, lè w vin tankou Pòl, ou gen menm absoli ke l te genyen an, yon vi ki santre sou Kris se yon vi diferan de sa w te genyen yon fwa. E sa te ka yon vi trè relijye ke w te viv.

119 O, m te tande moun di: "Kounye a, yo trè relijye." Sa pa gen yon sèl bagay pou wè ak sa.

120 Mwen fèk wè anpil relijyon, moun trè devwe, anpil fwa pi sensè ke moun Kretyen jodi a deklare. Lè, yon manman ka pran ti bebe gra, nwa li a, apeprè longè *sa*, epi jete l nan bouch yon kwokodil, pou lanmou pou dye l la. Mwen mande m konbyen Krisyanis la sensè. Lè, yon nonm ka aflije tèt li nan yon fason konsa, ta mete mil kwòk nan chè l, *konsa*, ki pandye ak boul dlo, ki pandye sou li *konsa*, epi mache atravè yon tras dife, depi isi a jouk nan bout tabènak sa, ale vini, epi li chofe tou blan, vante *konsa*, pou sakrifis pou dye l la, yon idòl la ak je ribi ladan l, e latriye. Mwen mande m kote Krisyanis la ye. En-en. En-en. Kidonk pa panse "senserite." Senserite se pa sa. Senserite se kòrèk si yo plase l sou bon bagay la.

121 Tankou yon doktè k ap bay medikaman. Li ka ba w asenik, ak senserite, e li ka ba w asid silfirik, ak senserite. Ou ka gen preskripsyon w lan ki mal ekri, epi ou ka pran l ak senserite, men sa pa sove lavi w. Ou wè? Non, mesye. Ou dwe konnen sa w ap fè. E nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a, mwen pa bezwen konnen sa l ye, e depi konbyen tan li egziste, li toujou fo.

122 Pyè te ba yo yon preskripsyon Etènèl nan Jou Pannkot la. Li di: "Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo, e nou va resevwa don Sentespri a. Paske preskripsyon sa se pou nou, ak pou pitit nou yo, ak pou sila yo ki byen lwen, menm otan ke Seyè Bondye nou an va rele yo." Se vre. Se yon preskripsyon Etènèl.

123 Bon, kèk famasyen charlatan te ka pran sa epi touye w. Wi. Sètènman. Ou konnen, gen tèlman pwazon nan yon preskripsyon, pou anpwazonnen jèm lan, epi doktè a—a konnen jis ki kantite ki ka, kò w ka sipòte. Si l te mete twòp pwazon, sa t ap touye w. Si w pa gen ase ladan l, alò kisa sa t ap fè? Sa pa t ap itil ou anyen pou w pran medikaman an. Li konnen kisa kò w ka sipòte.

124 Kounye a, se fason sa preskripsyon Bondye a ye. Kèlkeswa kòman yon lòt moun di sa dwe fèt fason *sa*, oswa fason *sila*, piga ou kwè sa. Lè w swiv Pawòl la egzakteman alalèt, se sa. Kenbe L fèm. Kounye a, nou gen . . . sa yo ki di: "Ou dwe aspèje." Yo genyen sa yo. Kifè, "Ou dwe itilize tit Papa, Pitit ak Sentespri yo." Pa gen okenn bagay konsa nan Bib la. Okenn kote konsa kote yon moun te janm batize, nan Bib la, okenn lòt fason ke nan Non Jezikri. Sa se yon dògm ki te ajoute nan legliz Katolik Women an, ki te kontinye atravè tradisyon yo. N ap abòde sa aswè a.

125 Men remake, nan mitan tout sa, preskripsyon an rete valab. Se poutèt sa nou gen sitèlman anpil timoun malad, paske yo p ap koute sa Doktè a di. Absoli a, lè ou mare ak Sa, se sa. Sa se Pawòl Bondye a. Li pa ka fayi.

126 Lavi ki santre sou Kris! Trè relijye, men li pat santre sou Kris. Tèlman anpil nan nou gen sa jodi a.

127 E lè w jwenn lavi sa a ki santre sou Kris, li fè w fè bagay ou pa t ap fè òdinèman. Li fè w aji diferan ak jan w t ap aji òdinèman. Mwen pa vle di aji yon fason estipid. Mwen vle di aji nan Lespri, yon bagay ki reyèl, yon bagay ki otantik. E lè ou wè yon moun ap aji yon fason estipid, ou konnen y ap sèlman pran pòz yon bagay. Yo sèlman ap eseye imite kote bagay otantik sa ye.

128 Lè w wè yon fo dola, sonje gen yon bon dola ki te sèvi l modèl. Ou wè? Lè ou wè yon fo, se absoliman yon lonbraj de yon bagay ki reyèl. Se yon bagay ki—ki otantik, ke yo kopye.

129 Remake, sa fè w fè dè bagay ke òdinèman ou pa t ap fè. O, se yon bagay. Ou sèten. Ou trè sèten de sa, lè ou jwenn absoli sa a. Ou pozitif sou sa. Ou pa pran sa ki eksperyans yon lòt moun.

130 Se pou rezon sa a Krisyanis vin tankou timoun piti nan Bib la, oswa, epi pa, ekskize m, timoun piti nan lekòl. Yo eseye kopye youn sou lòt. E si nèg sa gen tò, tout bagay la fo. Ou wè? Ou fè tout gwoup yo a gen tò. O la la! Pa kopye. Rankontre L, ou menm.

131 Yon bon zanmi m, ki kanpe dèyè a la, se yon vye . . . se yon pitit gason yon zanmi m, yon zanmi depi lontan, ti Jim Poole. Enben, papa l avè m te grandi ansanm nan lekòl. Epi, o, ala yon bon kanmarad! Ti Jim avè m ap priye san rete pou gwo Jim vin yon Kretyen, yon vrè kwayan. E ti Jim avè m t ap pale yè sou kote nou te jwenn Bondye nan bwa yo epi nou te wè L nan lanati. Se la ou jwenn Li. Paske, Li se Kreyatè a, e Li nan kreyasyon Li.

132 E m sonje, Jim avè m te konn ale—ale, vle al lachas. E lè lanwit rive, ebyen, nou te konn desann, pran bisiklèt nou yo, epi monte desann drèt nan lari sa isi a, nou te pè amò pou pase bò simityè a apre li fin fè nwa, epi desann al chache yon kònè krèm glase pou tèt nou.

133 E Jim te renmen jwe biya. Bon, nou te jis ti gason, dis, douz, katòz an. Epi Jim te renmen chita toutotou epi li liv istwa sou lachas ak pyèj.

134 E m te konn chita la a epi ap reve je louvri. Ou wè? Konsènan . . . E kounye a kèk nan ti mesye yo ka wè m. E m te wè yon ti bout kabàn yon kote. Mwen te konn di: "Gason, sa t ap yon bon kabàn pou genyen nan mòn yo." E m te toujou reve ke yon jou m t ap gen yon kabàn pou tèt mwen nan mòn yo, yon gwo pakèt chen, ak—ak kèk zam. E m te toujou panse: "Si m te ka posede yon .30-30, enpe nan tan pa m." M te panse: "Ki jan nan mond lan m t ap janm posede yon ti fizi .30-30?"

135 Epi lòt jou a, mwen te kanpe la, ap gade miray mwen an, epi antan m te wè la kèk nan pi bon fizi ke yo ka jwenn, mwen te panse: "Gras etonan."

136 Mwen te panse: "M ap antrene tèt mwen pou m tire, epi tire byen. Epi petèt pafwa pou pran, fè yon vwayaj nan mòn yo, yon bon chasè va mennen mwen. Jis pou yon jan de . . . Paske, li ta vle pwoteje lavi l, petèt, kont yon lous k ap fonse sou li. Li pa t twò sèten. Kèk nonm rich, ki t ap mennen mwen, jis pou ale ansanm avè l, yon jan de gad dikò. Petèt yon jou m ap rive al lachas an Afrik, kòm yon gad dikò. Si m te ka jis antrene! Se sèl bagay mwen ka fè se antrene pou m vin yon bon tirè, ki estab."

137 O, m te panse: "Bondye, pou panse a Ou Ki kite m al lachas, toupatou nan lemonn." Ala yon bèl bagay!

Jim te konn chita epi li liv la. Mwen di: "Jim . . . "

Li di: "Mwen—mwen renmen li sou sijè sa."

138 Mwen di: "Jim, se sa yon lòt moun te fè. Mwen vle fè l, mwenmenm. Mwen vle eksperyans lan." Lè m vin jwenn Kris, m pa t ka pran eksperyans yon lòt moun. Mwen te vle l, mwenmenm.

139 Mwen sonje lè m li *Lone Star Ranger* pa Zane Grey a. Mwen te domaje de ou twa bale manmanm, pandan m t ap galope alantou kay la sou bale sa a ki te sèvi kòm chwal mwen an. Mwen—mwen li istwa sa sou—sou *Lone Star Ranger*, kijan li te mennen lajistis nan Big Bend la.

140 Apre sa mwen li istwa fiksyon Edgar Rice Burroughs sou *Tarzan, Senj Yo*. Manman te gen yon vye tapi an fouri, yon tapi an po fòk, oubyen yon bagay konsa, ke Madan Wathen te ba li apre dife a. Epi li te lonje sou chanm li a, e mwen—mwen te pote tapi sa deyò. Manman te fin konnen ke se pat van an ki te soufle l. E m te mete l deyò, epi te koupe l, e m te fè yon kostim Tarzan pou tèt mwen, epi m te chita anwo nan pyebwa a. Mwen—mwen te viv mwatye tan m nan yon pyebwa, ak kostim Tarzan sa. Paske m te wè sa l fè, m te vle fè l tou.

141 Men yon jou, pa gras Bondye, m te met men sou vrè Liv la, Bib la. Chante mwen ak istwa mwen se: "Pou m vin tankou Jezi, sou tè a mwen anvi vin tankou Li." Mwen pa vle pou m yon evèk oswa—oswa yon gran nèg nan legliz la, yon pap oswa yon prèt. Mwen vle pou m tankou Jezi. Yon absoli, sa fè w diferan. Gen

yon bagay sou sa, pou li Pawòl Li, ak yon bagay nan kè w, ou anvi pou w tankou L. Ou sèten.

142 Se tankou, Absoli a pou Kris la, Absoli a pou Kretyen an, se tankou, Se—Se tankou lank nan bato a. Wi. Ou—ou dwe gen yon absoli. E si Kris se Absoli ou, se tankou lank lan. Ke, lè ou. . . Lanmè a move anpil, e bato a prèt pou l koule, e, ou menm, yon sèl espwa ou genyen, se, jete lank. E alò si bato a ap balote, ou wè, li, lank lan va kenbe bato a. Nou konnen, nou gen yon chante, mwen bliye non otè a kounye a, men, *Lank Mwen Kenbe*.

143 Tankou ti gason an, jan nou te panse plizyè fwa, t ap fè kap la vole. Ou pa t ka wè anyen, men li te gen fisèl la. Epi yon nonm te pase epi li te di: "Kisa w ap fè, pitit gason m?"

Li di: "M ap fè kap mwen an vole."

Li di: "Kisa w gen nan men w?"

Li di: "Fisèl la."

144 Li di: "Kote kap la?" Li di: "Mwen pa wè l. Ebyen, kijan w fè konnen w ap fè yon kap vole?"

145 Li di: "Mwen ka santi l. Se yon rale." Ou wè? Nan bout fisèl sa a, te gen yon absoli. Nan ti fason pa l, kap sa se te absoli l, kifè li te ka di li t ap fè yon kap vole. Menm si li pa t ka wè l, men li te gen yon priz, yon bagay, ki te gen yon priz sou li.

146 Se fason sa a yon nonm, lè li ne de nouvo ak Sentespri a, li kenbe yon bagay ki gen yon lank laba, e tanpèt yo pa ka souke l. Li konnen li kòrèk. Li ankre. Dakò.

147 Kounye a, si nou nan ti bak nou an, ap flote atravè oseyan solanèl lavi a, jan gran powèt la te di, ke:

> Lavi se pa yon rèv vid!
> E nanm ki dòmi a mouri,
> E bagay yo pa sa yo sanble.
>
> Lavi a reyèl! E lavi a serye!
> E tonm li se pa objektif li;
> Paske ou se pousyè, e pousyè w ap retounen,
> Yo pat pale sa pou nanm lan.

148 O, mwen twouve sa tèlman bèl! Kounye a, Longfellow te ekri sa, *Sòm Lavi*. Ou wè?

> Pandan n ap navige sou lanmè solanèl lavi a,
> Pou yon frè ki malere epi ki fè nofraj,
> Lè li wè, va pran kouraj ankò.

149 Ou wè? Kounye a nou anbake, ap navige sou oseyan solanèl lavi a, ak Kris, nan bato a sou tanpèt tan an. Lè tanpèt yo vin fò, epi y ap balanse toupatou, mwen kontan mwen gen yon lank ki kenbe anndan vwal la laba, yon kote. Menm lanmò limenm pa ka rache w anba li. Ou mare ak absoli ou. Kris se Lank nou. Kisa Li ye? Li se Pawòl la. "Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl

la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Bondye. E Pawòl la te fèt chè, e Li te abite nan mitan nou."

150 Alò, lè nou konnen ke aksyon nou yo egzakteman ak Pawòl la, nou konnen ansèyman nou an pafè ak Pawòl la, pa ajoute anyen oswa pa retire anyen, jis Pawòl la. E nou wè menm rezilta yo, ke lòt yo ki te ankre nan menm Pawòl la, ap viv nan lavi nou, alò lank ou kenbe. Lavi Kris la ki ap repwodui prèske nan yon fason enkane, atravè ou, jan sa te ye nan Kris, paske, "Se te Bondye nan Kris, k ap rekonsilye mond lan avèk Limenm." E ou wè Bondye nan oumenm, k ap kenbe menm ekilib sa nan Pawòl la, jis egzakteman fason Jezi te fè a. Ou wè lavi L. "Zèv ke m fè yo nou va fè yo tou, sila ki kwè a." Pa sila ki pran pòz kwè, sila ki panse li kwè, men, "Sila ki kwè a." "Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou." Poukisa? Li ankre nan menm Wòch la. Kisa Wòch la te ye? Pawòl la, toujou. Ou ankre la a. Se Etwal nò w la lè w pèdi nan lanmè.

151 Ou konnen, nou gen yon pakèt etwal, men gen yon sèl vrè etwal, ki pa bouje. Sa se zetwal nò a, paske li chita nan sant tè a. Pe enpòt si w sou dèyè a, anlè a, oswa kèlkeswa kote w ye a, etwal nò sa se jis menm lan. Se zetwal nò w la. Kounye a, ou wè, gen anpil etwal ki deplase sot nan yon plas al nan yon plas. Men si w nan yon. . . sou lanmè a, enben, nenpòt maren konnen, oswa nenpòt chasè k ap pwomennen nan bwa yo, konnen ke etwal nò w la se plas ou—se plas ou. Se tou. Alò, se tankou bousòl ou—ou—ou. Bousòl ou p ap pwente sou Mas, oswa Jipitè, oswa yon lòt kote. L ap pwente zetwal nò a. Poukisa? Sa se absoli ou.

152 O la la! Remake, absoli ou! O, m pral di yon bagay! Mwen jis santi l ap vini. Remake. Mwen santi m trè relijye nan moman sa, paske sa se asirans. Remake.

153 Bousòl ou ka sèlman pwente sou zetwal nò a. Se sèl plas sa li ka montre. Si se yon vrè bousòl, l ap frape zetwal nò a chak fwa. Èske se vre?

154 Alò, si w gen Sentespri a, Li ka sèlman pwente sou Pawòl la. Li p ap janm pwente sou yon denominasyon. Li p ap janm pwente sou yon kredo. Li p ap janm pwente l yon lòt kote. Li pral pwente dwat sou Pawòl la. Mwen santi m anvi rele. Remake, se—se Yon Bagay anndan yon nonm, k ap bat, lè ou wè Etwal ou a ki plase laba a, Jezikri, Pawòl la. E ou wè Lespri ki nan ou a p ap kite l bouje adwat oswa agoch. Se sèl Sila a ki kapab. Li vini pou pran bagay Bondye yo, epi pou montre yo, manifeste yo.

155 E Jezi te di: "L ap fè jis egzakteman bagay ke M di yo. Li va revele w bagay ki gen pou vini yo," montre w davans, anvan sa rive isi a. Ou wè? "Li va pran bagay ki pou Mwen yo e Li va montre w yo, epi lè sa Li va montre w bagay ki gen pou vini yo." Jan 15.

156 Nou wè ke Li montre bagay yo. E Li pran bagay ki pou Bondye yo e Li va montre w yo. E Li va revele w bagay Jezi te

di yo. Nan lòt mo, Li va rann bagay la klè. Mete sa a lòtbò nèt nan yon kwen, aswè a, paske se sa nou pral itilize, yon ti moman. Asire w, rann sa pozitif, ou wè, alò ou konnen. Si ou . . . Etwal nò w la, ki se Pawòl la, pou nenpòt Kretyen.

157 Tout bagay ki kontrè ak Pawòl la! Gade. Kite m di nou yon bagay. Koute sa byen. *Sa* se revelasyon konplè, Diven Bondye a, volonte Li, ak Vini Kris la. E tout bagay plase drèt nan Liv *sa*, konplete. E si nenpòt bagay rale w sot nan Sa, voye bousòl sa a jete, paske se sèlman yon kredo. Se sèlman yon òganiz- . . . Se sèlman yon papye ke w ap pote nan pòch ou, ki te pandye nan chanm ou, ankadre. Se yon kredo. Alò, jwenn bousòl la ki dirije w sou Pawòl la. Amèn.

158 Remake, lè eksperyans sa a te frape Pòl, li te desann nan Lejip ak Arabi, yon kote, epi li te etidye twazan. Glwa! Fyou! Li te dwe pozitif. E lè l te wè, lè Sentespri a dirije l, mo pou mo, li te ka ekri Liv Ebre sa epi montre Jwif sa yo. Sètènman. Poukisa? Li te santre. Bousòl Sentespri sa te mete l drèt sou Etwal nò a.

159 Kounye a, si w gen yon bagay k ap rale w sot nan Sa, pito ou kite sa trankil. Pitit la, L ap pwente sou Pawòl Li, e sèlman Pawòl Li, paske Sentespri a te vini pou manifeste, oswa konfime, pwomès Bondye yo. Pa gen okenn kredo k ap fè sa. Okenn òganizasyon p ap fè l. Pa gen okenn pwisans oswa anyen ki ka fè l. Se sèlman Sentespri a, pa Pawòl la. E Li se Jèm lan.

160 Kounye a, ou pran yon grenn ble, yon bèl grenn ble, men li pa ka fè anyen. Li mouri jouk jèm la antre ladan l. Apre sa li pwodui anpil grenn ble.

161 E Kris se Lavi sa, absoli a. Si ble a pa gen absoli sa ladan l, li p ap janm leve. Si ble sa a pa gen absoli sa, li ka toujou tèlman bèl sou deyò, men li pa ka viv, paske pa gen anyen ladan l pou ki pèmèt li. Men lè li jwenn absoli sa, li ka gade nan figi tout moun k ap kritike, di: "M ap resisite." Poukisa? Paske li gen absoli a. Li nan li. Li dwe resisite. E lè li . . . "Si nou rete nan Mwen, e Pawòl Mwen yo rete nan nou, alò mande sa nou vle." Sa se absoli sa.

162 Men si w gen kredo ak tout lòt bagay ki mare nan Li, ou pa ka melanje lwil ak dlo. Ou jis pran epi kraze l nenpòt fason ou vle, li p ap janm melanje, paske se de pwodui chimik diferan. Epi ou pa ka pèmèt yon kwayans ki kontrè ak Bib la melanje ak Bib la. Ou pa ka fè denominasyon ak relijyon ki fèt lib, oswa, sali ki fèt lib, melanje ansanm. Paske, se sèten, Bondye sèlman trete . . .

163 Mwen pral di li, kanmenm. Bondye pa janm kraze pwogram Li. Li pa ka kraze, paske Li enfini. E mwen reyalize, nou konnen, mwen, Sa atenn anpil moun. Ou wè? Men Bondye pa ka kraze pwogram Li. Li pa ka fè yon bagay *yon* jou, epi chanje l, fè yon bagay, nan di li fo jou *sa*.

164 Bondye pa trete ak gwoup lèzòm. Bondye trete ak yon endividi, paske lèzòm gen lide diferan. Li bati diferan, nan nati li. Bondye dwe pran nonm sa, epi fasone l, epi rale l, soti nan

pwòp tèt li, jouk Li mennen l nan nati Li. Ou wè? E apre sa Bondye trete ak moun sa. Gade atravè aj yo nèt, Noye ak Moyiz, pwofèt yo, pa janm de ladan yo an menm tan. Youn, san rete, desann nètale atravè aj la.

Kidonk, si w di: "Gen sekirite lè gen anpil moun k ap bay konsèy."

165 Gade, e jan m te preche isi a sa pa fè lontan, nan tabènak la, te gen Akab, e te gen Jozafa, e yo t ap monte al Ramòt Galarad, pou repouse yo. Fondamantalman, yo te gen rezon, peyi a te pou yo. Epi lènmi an—an, Siryen yo laba a, t ap plen vant pitit yo ak ble ki ta dwe nouri Izrayelit yo. Pwopriyete Bondye te bay, kifè fondamantalman, li te sanble l bon. "Ale avè m, epi monte la, epi nou pouse yo sot nan peyi a." Ebyen, sa sonnen byen anpil. Fondamantalman, li te kòrèk, men se kondisyon yo.

166 Jozafa, ki te yon bon nonm, te di: "Men èske nou pa ta dwe konsilte Seyè a?"

167 Natirèlman, Akab, retwograd sa, te di: "Ebyen, sèten." Kwayan limit la, nou konnen. Li te di: "O, sètènman, mwen ta dwe panse a sa. Mwen gen katsan pwofèt Ebre. Katsan ladan yo, mwen nouri, pran swen. Yo se pi bon an ki gen nan peyi a. N ap mennen yo vini."

168 Epi yo tout ansanm, ak yon sèl akò, te di: "Ale monte. Seyè a avèk ou." Fondamantalman, yo te gen rezon, men yo pa t sezi absoli sa.

Alò lè l te di: "Èske pa gen youn ankò?"

169 Li di: "Wi. Gen yon lòt, men mwen rayi l." Li di: "Li toujou ap pale mal de mwen, ou wè, toujou ap di."

170 Kijan l te ka pwofetize sa ki bon, alòske tout Pawòl la, Eli ki te anvan l, te di Akab: "Chen yo va niche san w"? Kounye a, kijan pwofèt konfime sa te ka di yon bagay ki pa t volonte Bondye? E kijan, ke, "Chen yo t ap manje Jezabèl, epi fimye a t ap sou chan yo, konsa yo pa t ka di: 'Men Jezabèl kouche isi a.'" Avèk yon malediksyon konsa sou yon nonm, ki jan nenpòt lòt moun ta ka beni?

171 Se fason sa li ye jodi a. Kijan yon nonm ka beni bagay sa yo k ap elwaye moun yo de Bondye tout tan? Gen yon sèl bagay pou fè, si w dwe kanpe poukont ou: modi bagay la, nan Non Seyè a, epi rete avèk Sa, lè w absoliman sèten.

Ou di: "Ebyen, Frè Branham, ou fè moun yo rayi w."

172 Bondye va renmen m. Sa se absoli mwen. Ou pa ka repoze sou yon bra lachè. Ou dwe repoze sou Pawòl la, sa Bondye di pou w fè.

173 Kijan Miche te fè konnen li te gen rezon? Li te tann. Li te gen yon vizyon. Yo te gen yon vizyon, tou, men vizyon an pat konkòde ak Pawòl la. E jodi a, menm bagay la. Miche te konpare vizyon

li ak Pawòl la, epi li te wè limenm ak Pawòl la te konkòde. Jodi a, si vizyon w kontrè ak Pawòl la, kite l trankil, paske se move absoli a. Absoli Miche a te egzakteman ak Pawòl la, kifè li te ka kanpe epi di, limenm, sa l te di a, epi—epi kwè l.

174 Lè, yo te souflete l nan bouch, epi yo te di: "Nan ki direksyon Lespri Bondye a te ale?"

175 Li reponn: "Ou va wè sa lè w prale soti nan yon chanm al nan yon lòt." Sa se vre.

176 Li di: "Lè m retounen anpè. . . Mete nonm sa anndan nan prizon an, e lè m retounen anpè," Akab te di, "M pral regle ak kanmarad sa."

177 O, kounye a, Miche, sa w di pou sa a? Yo pral koupe tèt ou lè l tounen. Miche te kanpe la fèm menm jan ak Etyèn. Amèn. Jis dispoze menm jan Seyè m lan te mache al sou kwa a. Jis osi fasil ke Danyèl te antre nan fòs lyon an, oswa Chadrak, Mechak, Abèdnego te ale nan founèz la. Absoliman! Li te kanpe la epi l te di: "Si jamè ou retounen. . . " Poukisa? Li te absoliman sèten. "Si jamè ou retounen, Bondye pa t janm pale avè m. Koupe tèt mwen lè sa a." Li te gen yon absoli. Li te konnen ke bousòl li, ki te gide l nan vizyon sa a, te aliye egzakteman ak Etwal nò a. Wi, mesye. Lank li te kenbe, wi, Pawòl la e Li sèlman.

Si absoli ou, si ou gen yon absoli nan lavi ou. . .

178 Te gen yon tan kote, nou konnen, etikèt te gen yon absoli. Mwen pa ka sonje non madanm sa, men tout nasyon an te gen konfyans nan sa fanm sa te di. Mwen bliye non l. Mwen t ap ekri yon nòt isi a. M pat ka sonje non madanm sa, kisa l te ye. Men isi a, kèk ane de sa, te dwe gen. . . madanm sa, sa l te di, si l te di itilize kouto a nan men gòch la, se te—se te sa, se te absoli a. Li te repons lan—lan pou tout sa a. E si w mete fouchèt la nan men gòch la, alò ou te absoliman nan lerè. Kijan li te rele? [Kongregasyon an di: "Emily Post."—Editè a.] O, se sa. Sèten. Wi. Se li menm. Kounye a, ou te—ou te absoli. . . Li te—li te absoli etikèt la. "Li dwe fason sa." Tankou, o, anpil bagay nou jwenn konsa. Men, nou jwenn, kounye a li disparèt. Manje jan w vle a. Wi, mesye. Dakò. Men sa se te absoli etikèt la. "Nou te dwe fè l fason sa."

179 Te gen yon tan kote Adòlf Hitler te absoli Almay, kèlkeswa sa l te di. Lè l te di: "Sote," yo te sote. Li te di: "Touye," yo touye. Dè milyon Jwif, li te fè siy ak tèt li. Nou wè kisa k te rive jan de absoli sa? Sa te sanble ak pwisans, men sa te kontrè ak Pawòl la.

"Kijan nou fè konnen sa te kontrè ak Pawòl la?"

180 Bondye te di. Lè Balaam te eseye meprize Izrayèl, modi l, li te di: "Mwen wè l tankou yon bifalo. Ala tant ou yo jis! Nenpòt moun ki modi ou va modi. Nenpòt moun ki beni w va beni."

181 Sanble ke Hitler te ka wè sa. Sanble Kretyen Alman sa yo te ka wè sa, ou wè, absoli sa. Absoliman kontrè ak Pawòl sa. Nou

konnen, jan sa te di a: "Lòm. . . Bondye te fè lòm, men lòm te fè esklav." Youn ap eseye domine sou lòt la. Nou gen yon sèl Dirijan, se Bondye.

182 Men Hitler te absoli Almay la. Gade sa jodi a. Kounye a, ou wè sa k te rive? Se te move absoli a. Poukisa? Sa te kontrè ak Pawòl la. E kounye a nou wè a kisa tout sa te abouti: lawont.

183 E si absoli ou nan yon òganizasyon, oswa yon sansasyon, oswa yon lòt bagay apa de Pèsonn Jezikri a, ou pral rive nan menm pòsyon wont lan, sèlman pi mal, ou wè, si absoli ou se pa Kris. Sa se sèl potomitan lavi imen an, e Kris se Pawòl la, pa legliz ou a, Pawòl la. Ou wè? "Sou absoli sa a Mwen va bati Legliz Mwen," sou Kris, Pawòl la.

184 Te gen yon tan kote Mussolini te absoli Wòm. M pa konnen, mwen te ka li yon atik, oswa li te ka ke m te li l nan yon liv, oswa yon moun te di m, men lè Mussolini t ap kesyone yon moun. Li te. . .

185 Li vle—te vle mennen Wòm nan atlèt, atletis. Epi yo te mete yon gwo estati de li laba, ki gen rapò ak atletis. Sa trè byen. Lagrès te gen lide sa plizyè lane de sa. Wòm te toujou eseye genyen l. Atlèt se kòrèk, men—men atletis. Men—men sonje, sa p ap pran plas Kris. Kèlkeswa jan w djanm, sa pa gen anyen pou wè ak sa. Li se tout pwisans lan. E nou wè sou kisa l te eseye bati Wòm. E li te eseye bati Wòm sou bagay yon absoli, ke li te absoli a.

186 Epi yo te di ke, yon jou, ke chofè li—li—li te rive yon minit annavans, e li te tire l. Li di: "Mwen pa t di, 'Se pou w isi a yon minit anvan nevè.' M te di: 'Se pou w isi a nevè.'" Pow! Epi tire l. Ou wè? Ou wè? "Mwen pa vle w isi a yon minit anvan. Mwen vle w isi a a nevè." Ou wè? Gade ki jan de absoli li te eseye fè tèt li. Men nou wè sa k te rive?

187 Anpil nan nou isit la sonje, ansyen yo, Roy Slaughter, petèt, e menm pi lontan pase sa, nou sonje nan epòk sa lè m te pale nou de pwofesi. Yon jou, la nan bilding Odd Fellows la, anvan menm nou te vin isit la, Mwen te di: "Mussolini pral fini nan lawont." Mwen di: "Premye envazyon li a, li prale nan peyi Letiopi, e Letiopi va tonbe nan pye l. Men l ap rive nan fen l, e pèsonn p ap ede l. Se nan lawont yo pral antere l." Men li.

188 Mwen te di: "Gen twa is ki parèt. Nazis, fachis, ak kominis." Mwen te di: "Is sa yo pral vire epi vin tounen fè yon sèl, e se va kominis. Obsève. Kominis pral boule Wòm." Ou wè?

189 Obsève sa. En-en. Se yon zouti nan men Bondye. Yo panse yo kont Bondye. Y ap travay drèt pou akonpli sa, tout tan, yo pa konn sa. Li jis ap itilize yo kòm yon maryonèt, en-en, yon zouti nan men L, tankou Li te fè Nebikadneza ak anpil nan lòt yo. Kounye a remake. Ou wè, kounye a.

190 Te gen yon tan kote Farawon te absoli a nan peyi Lejip, men gade kote sa ye kounye a. Ou wè? Tout sa echwe.

191 O, se yon move kalite, kifè yo toujou echwe. Yo se absoli ke lòm fè. Ou pa ka pran yon absoli ke lòm fè. M pa bezwen konnen si se yon—yon prezidan, si se yon diktatè, si se yon wa, si se yon legliz, si se yon òganizasyon, si se yon kredo. Nenpòt nan bagay sa yo pral peri, jis tankou tout absoli yo nan kalite sa atravè aj yo.

192 Nou ka gade dèyè. Gade dèyè. Gade lèzòm ki te fè anperè yo konfyans. Gade lèzòm ki te fè diktatè yo konfyans. Gade lèzòm ki te bati espwa yo sou jan de absoli sa yo, epi gade kote yo ye jodi a.

193 Kounye a ann vire tounen epi gade lèzòm yo ki te mete espwa yo sou Bib la, sou Pawòl Bondye a, epi te kenbe L kòm yon absoli. Gade kote yo ye kounye a.

194 Pòl ba nou yon ti rezime sou yo, nan Ebre, chapit 11 lan, kisa yo te fè. "Kijan yo te konkeri wayòm yo, yo te fè lajistis, e latriye. Epi yo te moute desann ak po mouton ak po kabrit. Pou moun mond lan pa diy." [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Ap tann nan Laglwa gran rezirèksyon sa. Ou wè? Dakò. Paske yo, kèk nan yo, pa t—pat jwenn mirak sa yo, e yo te bay kò yo, kanmenm, antan y ap tann rezirèksyon sa a. Pou fini ak lavi yo, sa pa t di yo anyen. Yo te vle kontinye epi sakrifye tèt yo, konsa yo te ka jwenn rezirèksyon sa, e se sa yo te fè.

Kounye a, absoli yo, n ap pale de absoli yo.

195 Nou konnen, Tribinal Siprèm nou an se yon absoli. Se absoli a. Se—se fen final tout diskisyon nan peyi sa. Se vre. Desizyon yo se yon absoli, nan Tribinal Siprèm nou an. Se vre. O, mwen konnen pafwa nou pa renmen sa, men se—se yon absoli, kanmenm. Wi, mesye. E si nou pat genyen sa? Alò kisa? Men sa se yon absoli. Sètènman se sa. Poukisa? Sa se, nasyon nou an, mare ak sa. Lè Tribinal Siprèm sa finalman pran desizyon final yo, se fini. Pa gen anyen lòt apre sa. Ki kote w prale, apre sa? Ou pral swiv desizyon yo a, se tou. Ou dwe fè l. Yo se dènye mo a. Yo se amèn lan.

196 Ou ka fè li pase nan tribinal minisipal lokal yo. Ou ka fè li pase devan yon majistra, apre sa al nan tribinal federal, nan tout kalite tribinal, epi nan tribinal federal. Men lè nou rive nan Tribinal Siprèm lan, se regle. Se vre. Pafwa nou pa renmen, nou di: "Ebyen, m pa renmen desizyon yo a," men eseye elwaye w de sa yon fwa. Sa se absoli nasyon an. E si nou pa t genyen l? Wi.

197 Nou dwe gen yon absoli. Tout moun dwe gen youn. Ou gen youn. Men sa m ap eseye di nou, bay kontèks la la a, epi montre nou kisa absoli yo ye.

198 Bon, Tribinal Siprèm nasyon an se absoli nasyon an. Sa se dènye bagay nan nenpòt jan de diskisyon. Yo regle l. Sa yo di, se sa.

199 Gen yon absoli nan yon match bezbòl. Sa se abit la. O, wi. Pafwa nou pa renmen desizyon l lan, nonplis, men se—se—se sa, kanmenm. Abit la, desizyon l lan se dènye mo a, se vre, kèlkeswa sa lòt moun di. Si l di se yon priz, se yon priz. Se vre. Sètènman. Kèlkeswa sa lòt moun di, sa pa gen anyen pou wè ak sa. E ann jis panse a sa. Si ou . . . Mwen pa al nan match bezbòl, men m te jis rive note sa. Yon abit, se li ki absoli nan match bezbòl la.

200 Youn nan yo di: "Se te yon bal." Lòt la di: "Ou se yon mantè." *Sila a* di: "Sa se fason *sa*. Sa ta dwe fason *sa a*."

201 Abit la di: "Priz!" Ou wè lòt yo ki pran plas yo epi chita. Sa fè kèk nan yo bougonnen. Men mwen imajine yo t ap boude l la, nan fon kè yo, ak tout bagay, men sa se "priz" kanmenm. Poukisa? Se li ki gen dènye mo a.

202 Premye gadyen baz la di: "Ou konnen ke sa te pase." Lòt la di: "Ou konnen ke se yon . . . "

203 Li di: "Priz." En-en. Se fini. Fèmen bouch ou alò, al retounen nan plas ou.

204 E si pat gen yon abit nan match bezbòl la? O la la! Èske w te ka imajine ki kalite match sa t ap ye? Youn nan yo te di: "Se te yon priz." Yon lòt te di *sesi*. Yon lòt te di *sela*. Yon lòt te di: "Ou se yon mantè." T ap gen yon diskisyon ak yon goumen.

205 Pou gen yon match bezbòl, ou dwe gen yon absoli. Epi li avanse sou teren an la, e pe enpòt si w pa renmen l, oswa kisa, li—li se absoli a, kanmenm. Li se absoli a. Pawòl li a final, kèlkeswa sa w di sou sa. Se fason sa. Kounye a, si yo pa t fè sa, tout match la t ap tounen yon dezòd. Èske se vre?

206 Kisa nasyon an t ap ye si pa t gen yon tribinal federal? Si pa t gen okenn Lakou Siprèm nan peyi sa a, kisa ki t ap rive? Ki kote yo ta prale? Nasyon an t ap nan yon dezòd. Si pat gen yon . . .

207 Si pa t gen yon abit nan yon match bezbòl, li t ap fini, ou pa t ap fè premye lanse a jouk yon moun ta kòmanse plenyen. Gen yon moun ki te kanpe la, e petèt li te vrèman frape bal la drèt sou plak la, epi lòt nèg la ta di: "O, non. Non, non. Li pa t fè sa." Alò, men li. Dè ke yo te lanse premye bal la, yo t ap diskite sou sa. Youn nan yo te di: "Se te yon priz." Lòt la di: "Se pa t yon priz." Ou wè?

208 Ou dwe gen yon moun ki fè lyen a ak match sa, e se abit la sa. Lè l di: "Priz," se priz. Si l di: "Bal," se bal. Kèlkeswa sa l di, se konsa sa ye. Se fini. E si w pa t genyen l, ou pa t ap gen okenn match.

209 Kite m montre nou yon lòt absoli, se limyè wouj la. Yon limyè wouj, lè li di "stòp," sa vle di stòp. Si w pase sou li, w ap peye pou sa. Men si vil sa pa t gen okenn limyè isi a, limyè stòp yo, ki kalite

vil sa t ap ye? Ou wè? Li dwe gen yon absoli. Mwen pa bezwen konnen sa polisye a te di, oswa nenpòt lòt moun te di, ki kanpe la. Yo segondè. Si yon moun ka pwouve ke w te pase sou yon limyè vèt, m pa bezwen konnen sa polisye a te di, yo antò. Lè limyè a te di "ale," sa vle di ale. Sa se absoli a. Ou ka pwouve sa, limyè a te di "ale." Petèt polisye a te kanpe yon kote, majistra vil la ta kapab, yon kote, ki pa fè on tikras diferans. Si w gen prèv ke se te "ale," ou ale. E si yon moun frape w, se fòt yo. Ou ka pwouve l. Se vre.

E nou ka pwouve de kisa n ap pale. Se vre.

210 Kounye a, e si pat gen okenn limyè wouj? Youn te rive nan yon kafou, epi li . . . gade kisa l ta pral ye. Youn di: "Ey! Soti nan chemen an. Mwen prese. Mwen dwe al travay. Mwen an reta kounye a. M ap travèse kounye a." Lòt la di: "Ou jis panse se sa w ap fè. Paske, mwen se sila k ap travèse a, paske mwen te isi a an premye." E m ka wè yon fanm soti epi ranje cheve l. E si nou pa t gen yon limyè wouj? Èske pa t ap gen yon blokis!

211 Se sa ki pwoblèm lan ak legliz yo. Ou wè? Se vre. Se pou rezon sa a nou gen yon blokis denominasyon konsa. Wi. Se egzakteman sa. Pèsonn p ap rive okenn kote. Yo kanpe, ap diskite.

212 *Men* Limyè Bondye a. Lè Li di "ale," ale. Lè Li di "rete, sa ase lwen," alò rete. Se vre. Se la nou baze, sou Sa, Pawòl sa, pa sa yon gwoup mesye te di, oswa yon lòt gwoup mesye te di. Jezi di: "Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè." Ann ale. "Ale nan tout mond lan, preche Levanjil la bay tout kreyati."

213 Nou konnen, otan edikasyon bon, men Jezi pa t janm egzije sa. Se vre. Otan legliz yo bon, bilding yo, Li pa t janm egzije sa. Otan lopital yo te bon; nou menm, legliz yo, bati lopital. Se kòrèk. Nou apresye sa. Men Li pat janm egzije sa.

214 Li te di Legliz la: "Preche Levanjil la." E Levanjil la pa t vini nan Pawòl sèlman, men atravè pwisans ak manifestasyon Pawòl la. Pòl te di sa. Alò ale, manifeste Levanjil la, o la la, si se te fason sa.

215 O, nou, jodi a, ap viv nan yon tan kote nou gen meyè doktè nou te janm genyen. Nou gen meyè medikaman nou te janm pratike avèk yo. Nou konn sa. E nou salye mesye sa yo. Nou priye pou yo. Mwen fè sa, e mwen espere ke nou fè sa. Mesye sa yo, ki ak konprann yo baze sou sa yo manyen . . . Yo gen de sans pou travay ak yo, sa se wè ak manyen, e yo . . . ak tande. Yo travay pa bri yon kè, oswa yon—yon manyen yon timè, oswa yon bagay, oswa wè yon bagay yo ka wè, yon maladi k ap gaye, oswa—oswa yon bagay sou figi a, ki kouvri figi a oswa kò a, yon kote. Yo—yo travay sou bagay sa yo. Ou wè? Paske se . . . E yo eseye pran medikaman, ak tan kantite ki pral touye sa, epi p ap touye w, e—e latriye. Yo p ap . . . Sa se zafè pa yo, pou travay sou sa. E nou apresye sa. Se trè byen. Men, nou gen meyè doktè, meyè medikaman, meyè lopital, ak plis maladi ke nou te janm genyen.

216 Nou gen plis enkredilite ke nou te janm genyen. Wi, mesye. Egzakteman. Minis yo te òganize tèt yo, e yo te gen gwo denominasyon, e yo te pran nenpòt bagay, e latriye, epi jis nenpòt bagay, pou fè yon manm legliz. Epi yo te ale nan yon seminè, tankou yon enkibatè pou poul, epi kale yo soti ak yon moulen ki fè yo soti konsa, e pafwa yo pa konn plis sou Bondye ke yon Hottentot konnen konsènan yon nwit Ejipsyen. Yo fè yo pase konsa, e men ni. Ou wè?

217 O, sa nou bezwen nan legliz nou yo se yon nonm ki gen yon absoli. Sa nou bezwen nan yon legliz Metodis, legliz Batis la, legliz Pannkotis la, legliz Presbiteryen an, se yon absoli, yon òm Bondye ki va rete mare ak Pawòl la epi ak Kris, epi mennen kongregasyon sa a anba kondisyon sa kote chak manm mache nan kondisyon Pawòl sa a, ap wè Pawòl sa manifeste, swiv yo, "Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè, nan tout mond lan."

Yo di: "Sa te fini."

218 Jezi di: "Ale nan tout mond lan, preche Levanjil la bay tout kreyati." Nou poko atenn tout mond lan, epi byen lwen de tout kreyati. Ki longè? "Tout mond lan." Bay kimoun? "Tout kreyati." Kisa k pral rive? "Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè. Nan Non Mwen yo va chase demon. Yo va pale nouvo lang. Si yo ta pran yon sèpan, oswa bwè bagay mòtèl la, li pa t ap fè yo mal. Si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri." Sa se absoli a ki kenbe la, Pawòl la, Etwal nò sa, bousòl sa ki rete dwat avè L. Se sa nou bezwen.

219 Men nou te soti epi n te bati enstitisyon, nou te òganize moun yo, nou te pran manm, epi nou te diskite ak Batis yo paske yo pa t kwè fason nou te kwè a, epi Metodis yo paske yo pat kwè, fason *sa*. E—e nou te kale soti yon pi gwo seminè, nou te bati yon pi gwo legliz, ak ban ki pi byen boure, ak yon pi gwo òg, e latriye, ak yon foul moun ki pi byen abiye, epi ki gen majistra a ak tout moun nan legliz la. E kisa nou genyen? Yon pakèt lanmò, ki mare ak yon absoli denominasyon. Lanmò! O, lwen sa!

220 Si m mouri lapoula, absoli mwen se Jezikri, se sou sa mwen kwè, si tout moun mache soti. Yon moun te di, Doktè Davis te di m: "Billy, si ou preche yon bagay konsa, w ap preche l bay poto legliz yo."

221 Mwen di: "Mwen pral preche Pawòl Bondye a bay poto yo, alò, paske Bondye kapab ak poto sa yo leve pitit pou Abraham." Se vre. Pawòl Bondye a vre.

Li di: "Ou panse yo pral kwè w?"

222 Mwen di: "Se pa . . . Se pa zafè pa m. Se zafè pa m pou m rete fidèl ak Pawòl sa." Se vre.

223 Li di: "Ou panse ou ta ka kontre ak yon mond edike tankou sa, ak yon teyoloji de—de gerizon Divin?"

224 Mwen di: “Se pa gerizon Divin pa mwen. Se pwomès Li. Li te Sila ki te bay komisyon an.” O!

225 E m sonje lè Li te desann la nan gwo Limyè sa, te kanpe laba nan fon rivyè a, 1933, nan mwadjen, lè Li te di: “Menm jan—menm jan yo te voye Jan Batis epi li te anonse davans premye vini Kris la, Mwen voye w ak yon Mesaj pou monn lan, pou anonse davans dezyèm Vini Kris la.” Epi toutotou mond lan Li te ale, lè dife revèy la te limen pandan kenz an sou prèske chak mòn. Gerizon divin nan tout peyi yo, ak pwisans lan, ak restorasyon an.

226 Epi kounye a, mwen kwè Li pare pou rive nan dènye pwen kilminan li a laba, pou pwodui yon Lafwa ki pral anlve Legliz la nan Laglwa. E Li twouve l nan Mesaj yo. Nou vrèman nan tan lafen an. Nou te pale de sa, ak tout bagay, men bagay la rive sou nou kounye a. Wi. Wi, mesye. Men youn. Se vre.

227 Limyè wouj la—la—la, jan m te di a, li regle ka a. Se tou. Limyè wouj la di w ki moun ki prale. Pe enpòt sa nenpòt lòt moun di, se sa limyè wouj la di. Ou ka vrèman gen yon blokis si w pa—si w pa okipe limyè wouj la. Dwe gen yon absoli. Wi, mesye.

228 Jis tankou pou Legliz la, dwe gen yon absoli. Pou moun yo nan Legliz la, nou dwe gen absoli nou.

229 Men, jodi a, chak legliz gen pwòp absoli pa l. Ou wè? Epi pa eseye pran: “Noumenm Batis yo, nou kwè *sesi*. Noumenm Metodis yo, nou kwè *sesi*. Noumenm Presbiteryen yo, nou kwè *sesi*. Nou menm Pannkotis yo, nou kwè *sesi*.” Se kòrèk, men poukisa nou pa pran rès Sa a? Kisa ki pa bon ak rès Sa a?

230 “Noumenm Batis yo, nou kwè nan plonje nan dlo.” Sa bon. E batèm Sentespri a, kounye a? E pale an lang lan? E don gerizon yo? E pwofesi? “O, non. Nou pa fè sa. Sa, se te pou yon lòt laj.” O, gason!

231 Pannkotis yo, nou di: “Ebyen, nou kwè nan pale an lang, kòm evidans lan.” Sèten, pale an lang se kòrèk, men sa se toujou pa evidans lan. Anpil moun pale an lang, se vre, e sa se pi lwen ke yo janm ale. Dyab la ka imite nenpòt don ki genyen, nenpòt don ki nan Bib la.

232 Pòl te di: “Menm si m pale ak lang lèzòm ak Zanj yo, menm si m bay kò m pou yo boule l kòm yon sakrifis, menm si m vann tout byen m yo pou nouri pòv yo, e menm si m gen lafwa pou deplase mòn yo, menm si m te ale nan seminè a epi m te aprann tout konesans ki gen pou aprann, mwen toujou pa anyen.”

233 Se Pèsòn Kris la. Kris, resevwa L, e ou pa ka resevwa L san w pa resevwa Pawòl Li. Pawòl la dwe vini an premye, apre sa Lavi a vini nan Pawòl sa epi manifeste Pawòl sa.

234 Èske Jezi pa t di: “Si M pa fè zèv Papa M yo, alò pa kwè Mwen”? Se te Pawòl Bondye a ki t ap manifeste. Bondye te nan

Kris, ap rekonsilye, ap eksprime Tèt Li bay mond lan, sa Li te ye a. Sa se te—sa se te absoli a. Sa se te absoli Etènèl la la a.

235 Kounye a ou di: "Èske se Etènèl la sa, Frè Branham?" Se te sa. "Alò e jodi a?"

236 Jezi di: "Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou." Se menm absoli a. Dakò.

237 Chak moun gen pwòp absoli pa l. O la la! Se jis tankou sa te ye nan epòk jij yo: "Chak moun te fè sa ki te parèt dwat nan pwòp je li." Nan epòk jij yo, chak nonm te gen pwòp—pwòp absoli pa l. Li te fè jis sa l te vle fè. E se fason sa li ye kounye a. "Chak nonm te fè sa ki te parèt dwat nan pwòp je pa l." Bon, nou konnen rezon ki fè yo te fè sa nan Jij yo? Sa ta ka choke nou jis yon ti kras. Men rezon ki fè yo te fè l nan Jij yo, paske yo pa t gen okenn pwofèt nan epòk sa yo, pou Pawòl Seyè a te vin jwenn. Kifè chak nonm te ka fè sa l te vle, nan pwòp je pa l.

238 E se egzakteman sa ki te rive jodi a. Nou pa gen pwofèt nan jou denominasyon sa yo, men Bondye te pwomèt nou youn. Ou wè? Ou wè? E Li te fè sa. Nan dènye jou yo, Li t ap leve epi voye Eli tounen sou sèn lan ankò, "E li t ap fè kè timoun yo tounen nan Lafwa papa yo," tounen nan pannkot orijinal la. Nou konnen Li te di sa.

239 Kounye a, mwen konnen nou pral refere, menm jan Li te fè la a Jan, nan—nan Matye chapit 11 lan, ak vèsè 6 la, mwen kwè l ye, lè yo te di: "Kimoun Ou panse nonm sa a te ye, Jan sa a?"

240 Li di: "Si nou ka resevwa l, sa se sila ke yo te pale de li a: 'Gade, Mwen voye mesaje M lan devan fas Mwen.'" Sa se Malachi 3, pa Malachi 4.

241 Men, sonje, si se te Malachi 4, alò Pawòl la te echwe, paske Li te di: "Men jis nan moman sa, lemonn antye t ap boule, e moun jis yo t ap mache sou sann mechan yo." Non. Pa melanje l, frè. Fè Li di jis egzakteman sa Li di. Se vre. Li te pwomèt li nan dènye jou a, e sa pral drèt nan kè tout bagay la.

242 Sonje, lè jij yo, chak nonm te fè fason l te vle a. Pa t gen okenn nonm, okenn nonm pa t ka fè Pawòl sa a viv. Pat gen okenn pwofèt. Pawòl Seyè a toujou vin jwenn pwofèt la. Se vre. E yo toujou rayi l. Se sèlman ti gwoup la ki renmen l, ou wè. Men, mwen vle di, te toujou gen sa.

243 Bondye pa chanje politik Li, Li pa kapab, epi pou L Bondye. Si Bondye janm di nenpòt bagay oswa fè nenpòt bagay, Li dwe fè l pwochen fwa a. Lè kriz sa a rive, si Li pa aji dezyèm fwa a fason Li te fè premye fwa a, Li te aji mal premye fwa a. E kimoun ki pral akize Bondye ke L aji mal? Kimoun ou ye, ki ka akize Bondye de peche? Se sa Jezi te di: "Kilès nan nou ki ka akize M de peche?"

244 Kisa peche ye? Enkredilite. "Sila ki pa kwè deja kondane."

245 "Kilès nan nou ki ka montre M ke Mwen pa akonpli tout sa Mesi a ta dwe fè?" Ou wè? Pèsonn pa di yon mo. Li te fè l. Mesi a

te yon Pwofèt, e Li te pwouve ke Li te sa. Yo pa t gen yon pwofèt pandan plizyè santèn lane, depi Malachi, e men Li te parèt sou sèn lan. Li te yon mistik pou moun yo, e yon blòk pou bite pou legliz yo.

246 Paske, Li te di: "Gade, Mwen poze nan Siyon, yon pyè angilè, Youn ki presye, ki te epwouve, o, yon wòch pou bite." Wi. "Men nenpòt moun ki kwè nan Li p ap wont." Se vre. Men Li te la. E sa te jis egzakteman akonpli Lekriti. Men sila yo ki te kwè Li te gen yon absoli.

247 Ti Mat, lè li te wè Laza soti nan tonm lan, li te konnen Kimoun sa te ye. Menm anvan Li te fè l, manzè te konnen absoliman. "Mwen kwè ke Ou se Pitit Bondye a, ki te gen pou vini nan mond lan. Menm kounye a, menm si frè m lan mouri, jis di pawòl la. Bondye va fè l." Amèn. Li te absoliman pozitif. Se vre. Lè l te di sa, e li te soti nan kè l:

Li di: "Ki kote nou antere l?"

Li di: "Vin wè."

248 Men Li te kanpe la, ak yon vizyon. Paske, Li di: "Mwen pa fè anyen jiskaske Papa a montre M an premye," Sen Jan 5:19.

249 Li te voye L lwen, Li te elwaye de kay Laza. Yo te voye chache L pou vini, lapriyè. Li te konnen Laza ta pral mouri. Epi apre kantite tan an, Li di: "Zanmi nou an, Laza, ap dòmi."

Yo di: "Li fè byen."

250 Li di: "Li mouri. E poutèt nou, Mwen kontan M pa t la." Yo t ap mande L pou L priye pou li.

251 Alò Li retounen, Li di: "Men Mwen pral reveye l." O la la! (Pa, "M pral wè sa M ka fè.") "M pral reveye l." Poukisa? "Papa a deja montre M jis kisa pou M fè."

252 Yo te ale nan tonm la. Men yon Nonm te kanpe la. Men Bondye te kanpe la nan lachè, ki te ka di wòch sa: "Fonn," e li t ap fonn. Men Li di fanm sa yo, pòv ti fanm sa yo, ti jèn fanm yo, Li te di: "Retire wòch la."

253 Ou gen yon bagay pou fè, tou. Ou wè? Epi yo te woule wòch la. E sa te rann yo malad; li te tèlman santi.

254 La a, Li te kanpe la. O la la! Mwen ka wè L drese ti kò frèl sa a. Paske, Bib la di: "Pa gen okenn bote nou ta dwe dezire L." Li pa t gen anpil pou gade. Ou wè?

255 Jis tankou David, yo te chwazi l wa lè li te jis yon ti gason tou wouj. Ou wè?

256 "Tout gwo gwo kanmarad sa yo," li di, "èske li p ap bèl ak yon kouwòn sou tèt li? Pran pi gran pitit gason sa," Izayi te di.

257 Samyèl te di: "Bondye refize l." Li te fè tout pitit gason l yo vini. Li di: "Èske w pa gen yon lòt?"

258 “Wi, nou gen youn, men li pa t ap sanble ak yon wa. Franchman, li se yon ti bout bonnom, ak zepòl koube, ak aparans wouj.”

“Al chache l.”

259 E osito ke l te vini, te mache devan pwofèt sa, Lespri a te tonbe sou li. Li te kouri ak lwil sa, vide l sou tèt li, li di: “Sa se wa nou.” Se sa. Wi, mesye.

260 Jezi te kanpe la, zepòl yo koube, petèt, cheve ap vin gri lè Li patko gen plis pase trantan. Bib la di: “Li te ka sanble ak karant.” Jwif yo di: “Ou se yon Nonm ki pa gen plis pase—plis pase senkantan, e Ou di Ou ‘te wè Abraham’?”

Li di: “Anvan Abraham te la, MWEN YE.” O la la! O la la! Sen Jan 6.

261 Apre sa, nou vin jwenn, men Li te kanpe, bò tonm lan. Li te konnen vizyon sa te dwe frape. Li te konnen li te dwe rive. “Retire wòch la.” Li se . . .

262 Li te santi move, vlope nan rad lanmò, li te mouri depi kat jou. Nen li te deja tonbe, pandan tan sa a.

263 La a, Li te kanpe la, li te drese ti kò L. “Mwen se rezirèksyon an, Lavi a.” Hum! “Sila ki kwè nan Mwen, menm si l te mouri, poutan li va viv.” Di m yon nonm ki te ka janm fè yon deklarasyon konsa. “Nenpòt moun ki viv e ki kwè nan Mwen p ap janm mouri. Èske w kwè sa?”

264 Li di: “Wi, Seyè.” Menm si Li te desevwa manzè, sanble. Lè l te rele, Li pat ale. Li te rele ankò; Li pa t ale. Men isi a li di: “Mwen konnen Ou se Kris ki te dwe vini nan mond lan.”

265 Li di: “Laza, soti deyò.” Epi yon nonm te mouri pandan kat jou. Poukisa? Kisa? Kris te gen absoli a. Li te wè vizyon an. Sa pa t ka fayi. Se vre. Sa pa t ka fayi. Li te absoliman sèten.

266 E Mat te sèten absoliman. Si l te ka fè L rekonèt sa l te kwè nan Li ke L ye, li t ap jwenn sa l te mande a. Se vre. Men yo te la. Absoli a, sa te mare ak Pawòl la, e se te sa.

267 Chak nonm jodi a fè, nan pwòp je pa l, sa ki sanble l bon pou li, paske pa gen pwofèt. Gade nan tan jij yo.

268 Gade nan jou yo lè Eli- . . . Mwen kwè, se te Eli oswa Elize, youn. Wi. Sa, bebe ki te mouri a. Fanm Sinamit la—la, li te fè . . .

269 Eli te òm Bondye a nan jou a, pa jis yon bon, anseyan entèlijan. Enben, li te yon vye granmoun ki t ap mache la a. Èske w t ap . . . Vini, si l vin devan pòt ou jodi a, ou t ap petèt fè l kouri ale. Tout yon nasyon te rayi l. Jezabèl ak tout rès yo te rayi l.

270 Paske, li te chita nan Mezon Blanch lan e li te fè tout fanm yo fè fason l te fè a, e yo tout te swiv modèl li. Epi Akab te vire, tèt li te vire, pa pwisans li. Nou pa rate l twò lwen jodi a. Jis apeprè menm bagay la, e men—men ni. E yo te konsantre tout bagay sou popilarite. Epi, o, yo tout te pran ladan l.

271 Men vye ti Sinamit sa a! Pa fanm Sinamit, men ti . . . Wi. Mwen kwè li te yon Sinamit. Lè l te vini e l te wè ke pwisans sa te nan Eli, li di: "Mwen wè ke li se yon nonm sen." E lè bebe sa te lonje mouri, li di: "Sele milèt sa epi piga w rete." Li te monte la. Li te konnen. E mwen renmen sa, fason li vini an. Li te rive nan absoli li, poto datach li.

272 Eli di: "Men Sinamit sa a ki vini. Li nan lapenn. Men mwen pa konn sa k pa bon." Ou wè? Bondye pa montre sèvitè L yo tout bagay; jis sa Li vle yo konnen. Alò li di: "Kè l nan lapenn, men m pa konnen." Li di: "Kouri, chache konnen, Geazi, epi wè kisa k pa bon."

273 Li di: "Èske tout bagay byen avè w? Èske tout bagay byen ak mari w? Èske tout bagay byen pou pitit gason w lan?"

274 Gade l. O la la! Se sa a. Li di: "Tout bagay byen." Poukisa? Li te rive nan nivo absoli li. "Tout bagay byen."

275 Epi li te mete ajenou. Li te tonbe, an premye, nan pye l. Epi Geazi te leve l: "Sa pa kòrèk," devan mèt li—li. Li te leve l. Epi manzè te kòmanse rakonte l.

276 Kounye a, li pa t gen okenn absoli kounye a. Li te konnen li te gen pouvwa, pa vizyon an, pou ba li pitit la. Men kounye a kisa l te fè? Li te pran baton li epi li te desann antre nan chanm lan, te fèmen tout pòt yo, te fè tout lòt moun soti. Li te mache monte desann nan chanm lan. Li te gen yon absoli, si l te ka sèlman kontakte li. Li t ap fè ale vini, monte desann nan chanm lan! O, la la! Dirèkteman li te santi Yon Bagay frape l. Li te lonje kò l sou bebe a. Li te retounen kanpe ankò, li te elwaye. Bebe a—a te on jan bouje, te vin cho. Li te kouche epi li te leve ankò. Li pa t jwenn yon bon kontak ak absoli a. "Kisa sa te ye, Seyè? Kisa W t ap di fè?"

277 Pa gen dout, lè l te vire, li te wè yon vizyon, ti gason sa a ap kouri, ap jwe, ap sote ak yon kòd, yon lòt bagay konsa, ap jwe. Li te jete kò l sou bebe a. Li te kole nen l sou nen l, bouch li sou bouch li, e pwisans Bondye te leve bebe a vin nan lavi.

278 Kisa l te ye? Absoli fanm lan se te pwofèt la! Absoli pwofèt la se te Bondye! Epi ansanm, ak Pawòl la, "Mwen se rezirèksyon an ak Lavi a." Mwen wè pwisans Bondye a. Kreyatè a ka fè tout bagay. Manzè te leve ankò, bebe a. Sèten.

279 Rezon kifè chak moun te fè selon pwòp fason pa l, paske yo pa t gen okenn pwofèt pou Pawòl Seyè a vin jwenn. Pawòl la ak pwofèt yo te manke nan jou sa.

280 O, mwen te wè sa nan konvèsyon mwen, nan jou n ap viv ladann lan. Mwen tèlman kontan ke Bondye te met men sou mwen anvan legliz la te fè l. Mwen t ap petèt yon enfidèl. Wi, mesye. Mwen . . . tout konglomerasyon sa, yon dezòd, epi tout moun, "Ebyen, vini la epi rantre nan pa nou an. E si w pa fè

sa, ebyen, ou ka pran lèt ou a epi al rantre nan lòt la." O! "Ou p ap pote lèt ou a nan asanble nou an?"

281 Mwen kwè gen yon sèl lèt, se lè Kris ekri non w nan Liv Lavi Ayo a. Se sèlman nan sa a li enskri.

282 Lè m te wè tout denominasyon yo! Orijin nou se Ilandè, ki te Katolik anvan. E m te wè sa te kowonpi epi pouri. Mwen te ale nan yon sèten legliz denominasyon isi a nan vil la, yo te di: "O, nou se chemen an, Verite a, Limyè a. Nou gen tout Sa." Mwen t ale nan yon lòt nan New Albany: "O, la la! Mesye sa yo laba a pa konn de kisa y ap pale." Katolik yo te di: "Nou tout nan lerè."

M te panse: "O, la la!"

283 Mwen te jwe ak yon ti gason Literyen. E m te panse . . . Yon ti Literyen Alman. M te ale kote l, e m te di: "Ki kote w al legliz?"

"Mwen ale nan legliz *sa*."

284 M te ale, e m te dekouvri ke yo te di yo te chemen an. Mwen te ale kot Frè Dale, nan legliz Batis Emmanuel, epi, oswa Premye legliz Batis la. Yo te di: "*Sa* se chemen an." M te ale nan legliz Ilandè a, li te di: "Ebyen, *sa* se chemen an."

285 "O, la la! Mwen tèlman gen konfizyon. M pa konn kisa pou m fè. Men mwen vle vin dwat." M pat konn kisa pou m fè. E m pat konn kijan pou m repanti.

286 Mwen te ekri yon lèt. M te panse: "M te wè L nan bwa yo." Mwen te ekri yon lèt pou Li. Mwen te di: "Chè Mesye, mwen konnen Ou pase sou chimen sa isi a, paske mwen rete isit la ap chase ekirèy. Mwen konnen Ou pase bò isi a. Mwen konnen Ou isi a. Mwen vle Ou . . . Mwen vle di Ou yon bagay."

287 Mwen te panse: "Kounye a tann yon minit. Mwen—mwen pat janm wè pèsonn. Mwen pat wè. Mwen vle pale ak Sa. Mwen—mwen vle pale avè L. Mwen vle pale avè L." M te panse: "Ebyen, kounye a, m pa konn kijan pou m fè l."

288 E m te soti al nan remiz lan epi m te mete m ajenou, te gen dlo, li te mouye. Te gen yon vye ti machin ki te chita la a, ki te kraze. Mwen di: "Mwen kwè mwen te wè yon imaj, mwen kwè, yo mete men yo *konsa*." E m te mete m ajenou. Epi m di: "Kounye a kisa m pral di?" Mwen di: "Gen kèk fason ou dwe fè sa, e mwen pa konnen. Mwen konnen gen yon fason pou apwoche tout bagay. E mwen pa . . . " Mwen di: "M ap mete men m *konsa*."

289 Mwen te di: "Chè Mesye, mwen swete ke W ta vini epi pale avè m, jis yon moman. Mwen vle di Ou kijan m pa bon." M te kenbe men m *konsa*. Mwen te koute.

290 Moun te di: "Bondye te pale avè m." E m te konnen Li te pale, paske m te tande Li lè m te yon timoun, Li te di m "pou m pa bwè" ak lòt bagay.

291 Li pa t reponn mwen. Mwen di: "Petèt mwen te sipoze mete men m *konsa*."

292 Kifè mwen di: "Chè Mesye, mwen jis pa konnen egzakteman kijan pou m fè sa, men mwen—mwen gen konfyans ke Ou pral . . . Èske W vle ede m?"

293 Epi chak predikatè t ap di m, vin rantre nan pa yo a, epi leve kanpe epi di yo te aksepte Jezikri, e yo "kwè Jezi se Pitit Bondye a." Demon yo kwè menm bagay la.

Kifè m te panse: "Mwen—mwen dwe gen yon bagay ki pi bon pase sa." Non.

Mwen te chita *konsa*.

294 Mwen te li kote Pyè ak Jan te pase nan pòtay ki rele Bèl la, e te gen yon nonm enfim, depi nan vant manman l. Li di: "Ajan ak lò mwen pa gen okenn, men sa mwen genyen . . . " O, mwen te konnen mwen pa t genyen sa.

295 Kifè m t ap eseye pou—pou m dekouvri kijan pou m fè l. M pat konn kijan pou m priye. M te plase men m yo, apre sa m te lonje *konsa*.

296 Epi, natirèlman, Satan te vini sou sèn nan lè sa a, li te di m: "Ou wè, ou te tann twò lontan. Ou deja gen ventan. Pa gen okenn nesesite pou eseye sa kounye a. Wi."

297 Alò mwen te kraze nèt, epi m te kòmanse kriye. Epi, lè m te vin vrèman kraze, m te di: "Mwen pral pale. Si Ou pa pale avè m, m pral pale avè W, kanmenm." Alò mwen—mwen di: "Mwen pa bon. Mwen wont tèt mwen. Mesye Bondye, mwen konnen W ap tande m, yon kote. W ap tande m. E mwen wont tèt mwen. Mwen wont ke mwen neglije W."

298 Apeprè nan moman sa, m te leve je m, epi yon santiman dwòl te anvayi m. Men yon Limyè te vini, ap deplase nan sal la, epi te fè yon kwa, *konsa*. Epi yon Vwa, ke m pa t janm tande nan vi m, te pale. Mwen te gade Li. Mwen te jis frèt, toupatou, angoudi ak perèz. M pa t ka bouje. M te kanpe la, m te gade Li. Li te pati.

299 Mwen di: "Mesye, mwen—mwen pa konprann langaj Ou." Mwen di: "Si Ou pa ka pale pa m lan, e mwen—e mwen pa konprann pa W la, e si Ou padonnen m . . . Mwen konnen mwen sipoze fè pati kwa sa a la a, yon kote, ke peche m yo sipoze la. E—e si Ou padonnen m, jis retounen epi pale nan Pwòp langaj Ou. E m ap konprann pa sa, si W pa ka pale lang mwen." Mwen di: "Jis kite L retounen, ankò."

300 Men Li te la, ankò. O, mizerikòd! Se la mwen te resevwa yon absoli. Amèn. Wi, mesye. M te santi tankou yon—yon chay karant tòn ki te leve soti sou zepòl mwen. M te mache sou planche sa, kote m pa t ka menm touche tè a.

Manman di: "Billy, ou sou nè."

Mwen di: "Non, manman, m pa konn sa k te rive."

301 Te gen yon ray tren dèyè a la. Mwen te kouri sou ray tren sa, ap sote anlè, jis ak tout fòs m te kapab. M pat konn kijan pou m

eksprime santiman m yo. O, si m ta konn kijan pou m rele! M t ap rele, men nan pwòp fason pa m, ou wè.

302 Kisa l te ye? Mwen te ankre nanm mwen nan yon refij repo, sa te regle pwoblèm nan, se te absoli mwen. Se la mwen te jwenn yon bagay, pa yon mit, yon lide, mwen te pale ak Nonm lan. Mwen te pale ak Nonm sa ki te di m pa janm bwè, ni fimen, oswa fè nenpòt bagay ki t ap souye tèt mwen ak fanm, e latriye; paske lè m te vin pi gran, t ap gen yon travay pou m fè. Mwen te kontakte L, pa legliz la, mwen te kontakte L, *Limenm*! Wi, mesye. Li te Sila a.

303 Tankou yon kanmarad isi a nan Kiwanis oswa . . . t ap pale, pa . . . jis apre Premye Gè Mondyal la. Frè Funk, ki kanpe la, etan yon sòlda. Li te di li te . . . Sa on ti, jan parèt tankou yon blag. Sa pa plas pou yon blag, men men sa l te di. Li te isi a nan New Albany.

304 Epi li di: "Kapitèn lan te fè nou soti, te di, 'Peyi sa ann antye la a sène ak Japonè. Demen, ti mesye, n ap atake. Nou dwe pran yo.' Li di: 'Sonje, ti mesye, gen anpil nan nou ki kanpe isi a, jodi a, ki p ap la demen. Yo p ap isi a demen. Nou pral atake, nan maten, nan douvanjou.' Li di: 'Kounye a se pou chak moun swiv pwòp relijyon pa l.'" Nèg sa di: "E m pa t gen okenn relijyon." Epi li di: "Mwen di . . . "

305 Li di: "Mwen te kanpe la. E tout rès yo . . . " Li di: "Men yon omonye vini, te ale nan direksyon *sa*; epi yon Pwotestan te ale nan direksyon *sa*; epi Jwif la te ale nan direksyon *sa*; epi Katolik la te ale nan direksyon *sa*; avèk omonye yo." Li di: "Mwen te kanpe la."

306 Epi li di: "Ofisye kòmandan an—an di m, li di: 'Gason, pito ou te ale nan relijyon ou.'"

Li di: "M pa gen okenn."

307 Li di: "Pito w te jwenn youn, paske ou pral bezwen youn touswit. Mwen sèten."

308 Epi l di, apeprè nan moman sa li te wè yon gwoup k ap pase, e se te Katolik. Li di li te mache la epi li te di prèt sa: "Èske w ta ka ban m enpe relijyon?"

Epi li di: "Vini."

309 Li di: "Li te antre epi Li te fè m yon Katolik." E la nan New Albany, te gen John Howard ak yon gwoup vrè Katolik wayal sa yo ki te chita la, nou konnen, lè nèg sa t ap di sa.

310 Epi li di—li di: "Nan demen nan konba a . . . " Li t ap pale de, o, kijan sa te ye. E li te di li te yon gwo gwo kanmarad, nou konnen. Epi li di: "Yo te rive nan kò a kò, e yo te jis ap bay kout kouto, epi ap rele, epi ap koupe, epi ap rachonnen." Li di: "Liy yo te vin kase. Yo te rive dwat la, kote Japonè sa yo te kite yo mache antre dwat ladan l, konsa. Epi gwo vye mitrayèt sa yo k ap gwonde, soti tout kote. Yon konba kò a kò!"

311 Li di: "Direkteman, m te kanpe, la a *konsa*." Epi li te di, "Tout bagay, te gen rèl toupatou, nou pa t ka tande youn lòt ankò." Li te di, "Gen san." Li di: "M te gade, e se te san pa m." Li di: "Mwen te gade *isi a*. Gen yon twou nan bò kòt mwen." Li di: "Se te san m." Epi li di: "Mwen, nou konnen, mwen—mwen—mwen . . . "

Epi yon vrè . . . yon zanmi Katolik, mwen p ap di sa pou—pou plezante kounye a, men yon vrè Katolik fidèl te di—te di: "Èske w te di yon *Mwen Salye W Mari*?"

312 Li di: "Non, mesye." Li di: "Sa se te san m. Mwen pa t vle pale ak okenn sekretè. Mwen di: 'Mwen vle pale ak Nonm prensipal la.' Se te—se te san mwen."

313 Mwen panse ke se apeprè fason li ye a. Wi, mesye. Se konsa sa fonksyone. Nou dwe gen yon poto datach, yon absoli.

"Mwen pat gen tan pou sekretè Li a." Li di: "Mwen vle pale avè L."

314 E se sa, frè. Lè yon nonm vin jwenn Kris, ou pa vle pran pawòl yon predikatè, pawòl yon sekretè, yon lòt bagay. Nou menm Pwotestan yo, pa pran *sesi, sela*, oswa *lòt* la. Ale nan absoli sa, jiskaske nou ankre la ak nouvo Nesans lan, ne de nouvo epi ranpli ak Sentespri a, e nou wè Bib la k ap manifeste nan imilite ak lanmou atravè lavi nou. O, lè sa a, sa se absoli nou. Wi, mesye.

315 Mwen te li nan Pawòl la kote Li se Pawòl la. Lè, legliz Alman an te di se chimen *sa a*; epi Metodis la, ak Batis la, ak Katolik la. Men mwen te li nan Pawòl la kote Li di: "Sou wòch sa a Mwen pral bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè yo pa ka domine sou Li."

Koute kounye a, pou fini. Bon Pwotestan yo di . . .

316 Bon, Katolik la di, "Li te bati L sou Pyè, 'Ou se Pyè, e sou wòch sa . . . '" Non, Li pa janm fè l. Si se te sa, sa te retwograde touswit. Yo te bati sa sou yon nonm.

317 Kisa L te fè? Pwotestan an te di: "Li te bati L sou Tèt Li." Non. Li pat fè l. Li pat bati L sou Tèt Li.

318 Kisa L te fè? Kisa? "Kilès lòm di Mwen, Fis de lòm lan, ye?"

"Epi gen kèk ki di Ou se 'Eli,' ak 'Moyiz.'"

Li di: "Men kisa nou di?"

Pyè di: "Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an."

319 Gade pawòl yo kounye a. "Ou beni, Simon, pitit Jonas la. Se pa lachè ak san ki revele w sa. Ou pa t janm aprann sa pa yon prèt. Ou pa t janm aprann sa nan yon seminè. Men Papa M ki nan Syèl la te revele L ba ou. E sou wòch sa," revelasyon espirityèl Pawòl la, "Mwen pral bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè yo pa ka domine sou Li."

M te panse: "Seyè, se sa."

320 Mwen te li isi a nan Liv Apokalips la, 21è chap- . . . chapit 22, kote Li di: "Nenpòt moun ki . . . " Sa se Bagay konplè a. "Nenpòt

moun ki va enjekte yon bagay ladan L; nenpòt moun ki retire Yon Bagay ladan L, nye ke Se konsa; oswa nenpòt moun ki va eseye fè L on tikras miyò, poli L pou jou a. Nenpòt moun ki va ajoute oswa retire, y ap retire menm bagay la, pati pa l la, nan Liv Lavi a."

321 Mwen di: "Alò, se tout sa m bezwen, Seyè, se kwè Sa." E nan Sa a, kwa sa laba a, Kris la te vini. Li pafè, nèt ale, chak Pawòl ke L te janm di. Pran Liv la nan men *sa a*, istwa a nan men *sa a*, epi li jis konfime nèt, depi nan kòmansman rive nan fen, se pafè. Epi mwen di: "Alò, Seyè, resevwa m." E lè m te fè sa, mwen te resevwa Kris, Sentespri a nan kè m, absoli mwen. Se pat mwen menm.

322 Mwen te malad yon fwa, lè pa m. . . Mwen te pèdi madanm mwen. Mwen te pèdi bebe m lan. O, m te pèdi papa m, e m te pèdi frè m, e m te pèdi bèlsè m. E Billy te kouche, ap mouri, e—e m te jis prèske fini. M t ap monte sou wout la, ap kriye, a prale nan tonm li; epi limenm ak bebe a, ak bebe a sou bra li. M ta prale nan tonm lan. Mwen t ap mache. Mesye Isler te konn vin isi a epi jwe, nou konnen, Senatè eta Indiana. Li t ap vini sou wout la. Li te rete m. Li te kouri soti la, mete bra l antoure m. Se te apre inondasyon an 37 la. Li di: "Ki kote w prale, Billy? Laba a?"

Epi mwen di: "Wi."

Li di: "Kisa w pral fè laba a?"

323 Mwen di: "Mwen pral koute yon vye kolonm." Mwen di: "Mwen chita la bò tonm bebe a ak pa li. Yon vye kolonm desann la, epi pale avè m."

"O," li di, "Billy!"

324 Mwen di: "Wi. E m tande chuichui fèy yo lè y ap jwe l. Li jwe mizik pou mwen, Mesye Isler."

Li di: "Ki kalite mizik li jwe?" li te di.

> Gen yon Peyi lòtbò rivyè a,
> Ke yo rele etènite beni,
> E nou sèlman rive bò rivaj sa pa degre lafwa;
> Youn pa youn nou rive nan pòt la,
> La pou abite ak imòtèl yo,
> Lè yon jou yo pral sonnen klòch annò sa yo pou ou menm avè m.

325 Li di: "Billy, mwen vle mande w yon bagay." Li di: "Kisa Kris vle di pou ou kounye a? Kisa Kris vle di pou ou kounye a?"

326 Mwen di: "Li se Lavi m, tout mwen. Li se tout sa m genyen, Mesye Isler. Li se Pwen referans final mwen—mwen. Li se tout sa m ka kenbe." Poukisa? Te gen yon bagay ki te rive: "Sou wòch sa!"

327 Li di: "M te wè w kanpe isi a nan kwen an epi preche, jouk ou sanble ke ou ta pral tonbe tou mouri. Mwen te wè ou, tout lè nan

nwit, ap monte desann nan lari yo, ap vizite malad yo. E apre Li te pran pwòp madanm ou, ak pwòp bebe w, ou toujou ap sèvi L?"

328 Mwen di: "Menm si Li touye m, m ap toujou fè L konfyans." Poukisa? Lank mwen an kenbe anndan vwal la. Mwen te gen yon Absoli. Mwen te mare tèt mwen ak Pawòl Li, e Pawòl Li te kenbe fèm. Li se Absoli mwen. Mwen te dekouvri ke tout lòt bagay sa yo ka echwe, men Kris pa janm ka echwe.

329 Legliz Katolik la gen yon pap kòm absoli. Pwotestan yo gen evèk yo, ak kredo yo, ak siveyan jeneral yo.

330 Men, mwen menm, tankou Pòl . . . Nou gen kreyon nou? Ekri yon bagay. Nan . . . Pòl te di, nan Ak chapit 20 ak vèsè 24: "Okenn nan bagay sa yo pa ebranle m." O, ou ka gen kredo yo, ou ka gen kèlkeswa sa w vle, men bagay sa yo pa ebranle m.

> Mwen ankre nanm mwen nan yon refij repo,
> Mwen p ap navige sou lanmè sovaj yo (epi ou pa konnen ki kote w ye, bò *isit*, bò *lòtbò*) jamè;
> Tanpèt la ka baleye fon lanmè sovaj, ajite yo,
>
> Tout bagay ka vire tèt anba.
>
> Men nan Jezi mwen an sekirite pou tout tan.

331 Wi. Okenn nan bagay sa yo pa ebranle m, paske mwen mare ak yon lank. "O, depi m te rankontre L," Pòl te di, "sou wout sa a, mwen te mare ak yon lank. Li te fè m vire tounen. Li te fè m rekòmanse sou bon chimen an." Sonje, Pòl te fè pati de yon òganizasyon tou, pi gwo a nan peyi a, men li te mare ak absoli a.

332 Koute. Mwen vle di nou yon bagay. Li te gen yon bi nan sove m. Li te gen yon bi nan sove w. E mwen detèmine, pa volonte L, pou fè sa; pa pou ajoute ladan L, ni pou retire ladan L. Apokalips 22:19, si w vle make sa. Dakò. "Nenpòt moun ki retire . . . " Mwen detèmine. M ap pare pou m kite legliz la, e nou konn sa. E alò mwen detèmine jis pou m rete ak Levanjil sa toutotan m ap viv, avèk èd Bondye. Huh! Sonje, men gras la. Te gen dè milyon ki t ap mouri nan peche lè Li te sove m. Kimoun mwen te ye pou L te sove m? Li te gen yon bi, nan sove m, e mwen detèmine pou akonpli bi sa. Sa pa di m anyen. Li ta ka fen mwen, petèt, trè byento kounye a. Men, kèlkeswa sa l ye a, mwen toujou ankre. Sa pa janm chanje.

333 Mesye Isler te di m jou sa, antan m t ap monte sou wout la, li di: "Billy, nan tout pwoblèm sa yo, èske w te kenbe relijyon w lan?"

334 Mwen di: "Non, mesye. Se Li ki te kenbe m." En-en. Lank mwen te kenbe fèm. Se vre. M pa t janm kenbe l, se li ki te kenbe m. M pa ka kenbe l, pa gen okenn fason pou m fè l, men li kenbe m. Wi, mesye.

335 Li te gen yon bi nan sove m. Te gen dè milyon nan peche lè m te vin jwenn Li, men Li te sove m. Li te gen yon bi nan fè sa.

336 Lanmò Kris la se te yon absoli, pou krentif sa bay. Lanmò Kris te regle kesyon an, lè abèy lanmò sa te pike L epi te ankre zegwi sa. Nou konnen, yon abèy, yon ensèk ki gen yon zegwi, si l te janm ankre zegwi sa a, nan fon ase, lè li rale kò l, li rale zegwi a soti nan li. Lanmò te toujou gen yon zegwi. Lanmò te toujou gen yon zegwi.

337 Epi yon jou, lè sa t ap monte sou Kalvè, ak wòch yo k ap frape fò, San an t ap gaye sou wòch yo, lè sa frape pousyè tè a sou Kalvè, nan ale nan Gòlgota, do kwa sa, t ap trennen anprent pye San ti kò frèl sa a ki ta prale, ki t ap mache la. Sa yo t ap ba L kout fwèt epi t ap maspinen L, pandan L t ap monte ti mòn lan, men Li te gen yon absoli. Li te konnen kote L te kanpe, paske Pawòl Bondye a te di, atravè David, "Mwen p ap kite Sila ki sen M lan wè kòripsyon, nitou Mwen p ap kite nanm Li nan lanfè."

338 Li te konnen koripsyon enstale, nan swasanndouz èdtan. Li te di: "Detwi tanp sa a, e m ap leve l ankò nan twa jou." Li te gen yon absoli.

339 Men Li ale, monte ti mòn lan, ak pakèt mokri, krache sòlda sou ki mete yon ranyon toutotou figi L, epi frape L nan tèt, yo te di: "Ou se yon pwofèt? Di nou kimoun ki frape W." Men Li te la, ap monte sou ti mòn lan, nan lawont ak dezonè. Pou Li. . . Yo te retire rad Li yo sou Li, Li te meprize lawont, pandye sou kwa a devan moun yo, toutouni. Li te mouri nan disgras Women an, anba pinisyon kapital, gouvènman an, yon Nonm ki pa t fè anyen.

340 Yon ti istwa yon fwa, te di, Mari Madlèn, te kouri soti epi l te di: "Kisa Li fè? Li te geri malad nou yo, resisite mò yo, e te pote delivrans pou sila yo ki te nan kaptivite. Kisa L te fè?"

341 Epi yon prèt te souflete l nan bouch, jouk san an te vole soti, epi l te di: "Èske nou t ap koute l oswa gran prèt nou an?"

342 O, mond denominasyon sa a, se yon malediksyon pami tout bagay. Se sa.

343 La a, wi, yo te mennen L. Men pandan Li t ap monte sou ti mòn lan, ap trennen, dyab la te toujou doute de sa, Li menm ki te sa Li te ye a. Li di: "Si Ou se Pitit Bondye a, fè wòch sa yo tounen pen. Ou pretann Ou ka fè mirak. Si Ou se Pitit Bondye a, bay lòd pou wòch sa yo tounen pen."

344 Menm vye dyab sa ap viv jodi a. Se vre. "Si w se yon gerisè Diven! Men vye Jan *Entèl* ki chita la nan kafou a. Mwen konnen li enfim. Geri l." Èske nou pa konnen se menm vye demon sa a?

Jezi di: "Mwen sèlman fè. . . "

345 Gade, Li te pase nan pisin Betèsda a, kote plizyè milye moun te kouche la, enfim, avèg, bwate, epi paralitik, epi Li t al jwenn yon nonm ki te ka mache. Li te ka deplase. Li te ka gen pwoblèm pwostat. Kèlkeswa sa l te ye a, sa te la lontan. Li te genyen l

pandan trantuit an. Li di: “Lè m ap vin nan pisin lan, yon moun pran devan m.” Li te ka mache.

346 Li te kite yo tout lonje la, epi L te ale kote sila a menm epi L te geri l. Poukisa? Li te di Li te konnen li te nan eta sa. Alò yo te di L, yo te poze L kesyon, lè yo te jwenn Li. Sen Jan 5, Li te di: “An verite, an verite, Mwen di nou, Pitit la pa ka fè anyen nan Limenm, ke sa Li wè Papa a ap fè.” Men absoli L la. Se toujou absoli a.

347 M te kanpe laba nan Fenlann jou sa a, e ti gason sa te lonje la, e m te mache ozalantou, li te blayi la, mouri, li te mouri depi yon demi èdtan. Nou te li sa nan liv la. Mwen te kòmanse ap elwaye m, Yon Bagay mete men yo sou mwen. M te vire tounen, m te panse: “Kisa sa te ye?” Mwen te gade ankò. M te panse: “Tann yon minit.”

348 M te gade dèyè isi a sou fèy papye blanch Bib la. “E sa pral rive, yon ti gason apeprè nevan, yon otomobil pral touye l. Pral gen yon long teren konifè ki chaje ak wòch. Machin nan pral lòt bò wout la, kraze. L ap gen ti chosèt sou li, tankou, jouk anwo; yon koup cheve kout. Ti je l yo pral vire dèyè. Zo nan kò li va kase.”

Mwen te gade. M te panse: “O Bondye!”

349 Mwen di: “Rete trankil, nou tout.” Majistra vil la te la. Mwen di: “Si ti gason sa pa sou pye l nan de minit apre kounye a, mwen se yon fo pwofèt; mennen, mete m deyò nan Fenlann.” Sètènman. “Men si l kanpe, nou dwe Kris lavi nou.” Se vre. Yo te rete trankil.

350 Mwen di: “Papa ki nan Syèl la, lòtbò lanmè a laba, de zan de sa, Ou te di ti gason sa a ta pral lonje isi a.”

351 Te gen Frè Moore ak Frè Lindsay, yo t ap gade sa. E, toupatou, yo te ekri l nan Bib la. E dè milye de Bib atravè peyi a te genyen l ekri ladan yo. Kisa l te ye? Yon absoli. Papa a te montre sa k ta pral rive. M pa t gen okenn laperèz, ditou, antan m te kanpe la. Absoli, sèten, l ap resisite.

352 Drèt la nan Fenlann, kote dè milye moun ap vini chak swa, e nou te menm oblije mande kèk nan yo pou yo soti epi mwen te konn pale ak yon gwoup ladan yo, apre sa nou te konn fè yo ale, epi nou te konn kite lòt yo antre. Se la li te kanpe, ak tout sa. Moun yo te renmen m, e yo te wè gerizon fèt, men men yon ti gason ki te blayi la, mouri. Kisa ki te absoli a? Vizyon an. “Mwen fè sa Papa a di fè. Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou.” Men absoli nou.

353 Mwen di: “Lanmò, ou pa ka kenbe l ankò. Bondye te pale. Retounen. Lage l.” Epi ti gason an te leve kanpe, te vire gade alantou *konsa*. Moun yo te tonbe ap endispoze, tout bagay. Men li, ekri la menm, epi majistra vil la siyen, oswa, pa yon notè piblik. Se vre.

354 Kisa sa ye? Yon absoli, Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Si se pa menm Bondye ki te rete fanm ki soti Nayin lan, nan antèman pitit gason l lan. Lè yon moun te mouri nan epòk sa yo, imedyatman yo mete yo nan tonm lan. Yo pat kite yo kouche la. Yo mete yo nan tonm lan. Men menm Jezikri sa, ayè, jodi a, ak pou tout tan. Wi.

355 Gade anba la nan Meksik, ak ti bebe sa a. Kèk nan nou ki lonje isi a, chita isi a. E bebe sa, doktè a te siyen yon deklarasyon, sa te ekri nan Biznis Menn Kretyen yo. "Ti bebe sa te mouri jou maten sa a nevè, e li te dizè jou swa sa."

356 Ti madanm sa pa t vle rekonfòte. Billy te kanpe la, pitit gason m lan, ap eseye fè l tounen dèyè. E li te gen, ebyen, mwen sipoze yo te gen desan ouvriye ki te kanpe la, epi li t ap grenpe sou yo. Jou swa anvan an, nonm avèg sa te resevwa vizyon l, e li te konnen sa. Li te Katolik.

357 Lè, finalman, m te di: "Ale, Frè Moore, epi priye pou li. Paske, bebe sa . . . "

358 Lapli t ap tonbe, ap koule desann. Yo te kanpe la depi bonè jou maten sa, deyò a nan gwo arèn towo sa. Epi mwen di . . . Yo te desann mwen ak kòd, pa dèyè, pou m ka antre nan plas la. M te jis la pandan twa swa.

359 Mwen te kanpe la. Mwen di: "Jan m t ap di a . . . " ap preche. E m te gade, m te wè yon ti bebe jis isi a devan m, yon ti bebe Meksiken, ki pa gen dan, jis chita la ap ri ban mwen, isi a menm devan m.

360 Mwen di: "Tann yon minit, Frè Moore. Mennen l isi a." O, absoli!

361 Ouvriye yo te fè bak. Men li vini. Li te tonbe ajenou epi li di: "Padre, Padre."

Mwen di: "Leve kanpe."

362 Epi Frè Espinoza di: "Leve kanpe," e li te di l an Panyòl. Li te kanpe la.

Mwen di: "Papa ki nan Syèl la, mwen kanpe isi a anba lapli sa."

363 Bèl ti madanm lan, apeprè venntwazan, yon bagay konsa, cheve l pandye desann. Ti figi l ap gade anlè *konsa*, je l t ap gade, avèk lespwa. Li te wè nonm sa a ki te avèg totalman depi apeprè karant an, je l yo louvri sou lestrad la. Li te konnen si Bondye te ka louvri je avèg, Li te ka geri ti bebe li a. Men li te lonje la, yon ti bagay rèd lonje anba yon dra konsa, epi li mouye an tranp. Li te kanpe la tout maten an, e apremidi sa, tou. La a, li te apeprè onzè, dizè jou swa sa a, yon bagay konsa, ap kenbe ti bebe sa. Nou te wè atik la nan Biznis Menn Kretyen yo. La a, li te kenbe ti bebe sa konsa.

364 Mwen di: “Papa ki nan Syèl la, mwen pa konnen kisa sa vle di. Mwen se jis sèvitè W. Men mwen te wè ti bebe sa kanpe laba a. Li te vivan. Mwen poze men m sou li, nan Non Seyè Jezi a.”

Li di: “Waa!” epi li kòmanse kriye.

365 Manman an te sezi ti bebe a epi li te kòmanse ap rele. Epi moun yo te kòmanse ap rele laba la, ak fanm yo k ap endispoze ak bagay konsa. Mwen di: “Piga w di anyen sou sa. Voye yon kousye ak bebe sa, ak manman sa, epi al kay doktè sa, epi kite l siyen yon deklarasyon, ki di: ‘Ti bebe sa te mouri. Li te mouri ak nemoni, jou maten anvan sa, epi, oswa jou maten sa a nevè.’”

366 Epi nou gen deklarasyon an ke doktè a te siyen an: “Yo te pwononse ti bebe a ‘mouri,’” nan biwo doktè a jou maten sa a, e manman an te pote l la a tout jounen an.

367 Kisa l te ye? Yon absoli. Kisa l te ye? Li te kwè, si Bondye te ka louvri je avèg, (kisa?) Bondye te ka resisite mò yo, paske Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

368 Mwen pat sèten. Mwen pa t konnen jouk mwen te wè. E lè m te wè ti bebe a, se te yon absoli, absoliman vre. Se te sa. Lanmò dwe lage viktim li.

369 Men Pitit Bondye a te ale la a. Abèy lanmò sa a te kòmanse boudonnen toutotou L. “Ah, kijan Li te ka yon pwofèt? Kijan L te ka kanpe la epi kite yo krache nan figi L? Kijan Li te ka kanpe la, kite yo pase L nan rizib, epi pa fè yon bagay sou sa? Sa se pa Emmanuel. Sa se jis yon nonm òdinè. Gade bave yo ki soti nan bouch sòlda sou sa yo. Gade figi Li k ap senyen.”

370 Dyab la te di: “M ap pran L. M ap pran L.” Men li vini, tankou yon abèy, zegwi lanmò a, t ap boudonnen toutotou Li. Men, frè, lè abèy sa te janm ankre zegwi li nan Emanyèl sa, lè l te soti, li te pèdi zegwi li, menm lanmò limenm.

371 Se pa etonan ke Pòl, pi devan, te ka gade nan figi l, li di: “O lanmò, kote zegwi w la ye? Tonm, kote viktwa w la ye? Mèsi pou Bondye, Ki ban nou viktwa a!” Lanmò Kris se te absoli pou tout nonm ki te pè sa.

372 Kè m di “amèn” pou chak Pawòl nan Liv Li. M ap fini, se ase sèten kounye a. Mwen jis dwe koupe sa. Ou wè?

373 Se poutèt sa mwen konnen Sentespri a se bousòl mwen ki gide m. Li se Sila ki fè m konnen Pawòl sa a se vre. Li se Absoli mwen, Li se Reyon Solèy mwen, Li se Lavi mwen, Li se Lank mwen. Lè pwoblèm yo la, Li se Etwal Nò mwen. Lè m pèdi, Sentespri a se Bousòl mwen ki gide m tounen nan plas la.

374 Denominasyon yo tankou lòt zetwal yo, yo deplase ak mond lan. Lòt zetwal yo ap deplase antan mond lan ap deplase, men se pa etwal nò a. Mond lan ka deplase kote l vle, men li rete an plas. O, frè, Etwal nò a ankre. Lòt yo ap deplase, ou ka wè yo *isi* e *la*, ak tout lòt kote. Se fason sa a ak legliz denominasyonèl yo.

375 Men Kris se Absoli a, Li se Sila ou ka mete konfyans ou nan Li. Lè denominasyon yo fè nou tout bwouye, jis gade Etwal Nò a, Sentespri a se Bousòl nou, Li toujou rete fidèl ak Pawòl Li.

376 Lè yo te di m ke bagay sa yo pa t ka rive nan yon jou modèn tankou sa, mwen te konnen . . . Si—si gen—si pa gen Bondye, alò viv, manje, bwè, epi fè fèt; si gen yon Bondye, ann sèvi L. E m te viv pou m wè jou ke Li te akonpli tout bagay, menm pou resisite mò yo, lè Li te isi a sou tè a. E nou konnen ke pa deklarasyon dokimante, ke se laverite. Wi, mesye.

377 Li se Absoli mwen. Kounye a fè Li vin Absoli ou. Pran nan . . . Nan moman pwoblèm mwen, Li toujou Absoli a. Kounye a obsève, pa gras Bondye . . .

378 Kounye a pito mwen jis fini, li ap vin ta. Ebyen, gade isi a, mwen te panse li te onzè, e li midi edmi.

379 Zanmi, tout lajounen, tout lannwit, tout yon ane, tout atravè Letènite, pa t ap janm ka pale de Sa. Pa eseye konprann Li. Ou pa kapab. Pa gen okenn mwayen pou konprann Li. Ou di: "Frè Branham, si—si ou . . . "

380 Mwen pa konnen. Mwen jis kwè. Mwen sispann eseye, fè kwakeseswa sou Sa. Mwen jis kwè Li, se tou. Ou wè? "Se pa sila k ap kouri a, ni sila ki vle a; se Bondye ki montre mizerikòd." Ou wè? Pa pa zèv. Se pa gras. Ou wè? Mwen jis kwè Sa. Bondye, sa depann de Li pou fè rès la. Jis kwè Sa, aji selon Sa.

381 Chan selèb sa a, mwen te tande yo ap jwe oswa chante l isi a oswa yon kote:

O, lanmou Bondye, ala rich e pi!
Ala ensondab epi fò!
Li va dire pou tout tan,
Chante Sen ak Zanj yo.

382 Si yon matematisyen ta eseye analize sa, oubyen ta eseye demontre sa atravè enstriksyon li, li t ap rann ou fou. Ou pa ka fè l. Pa eseye fè l. Pa eseye konprann Li. Bondye depase tout konpreansyon. Ou pa konprann Bondye. Ou jis kwè Bondye. Sa se sek- . . . Sa se sekrè a. Pa konprann Li. Jis kwè Li. Mwen pa ka di nou kisa Sa vle di. Mwen pa ka di nou kijan pou n fè l. Mwen jis konnen mwen jis kwè Li. Se tou.

383 Jis tankou ou pwomèt yon bagay bay on timoun piti, li kwè sa. Ou ta dwe kenbe pawòl ou. Ou se pitit Bondye. Li kenbe Pawòl Li. Jis senpleman kwè Li. Pa kite sa sekwe w. Jis rete drèt la. Bondye te fè l yon fwa, Li dwe fè l ankò. Si Li pa fè sa, Li va di w poukisa Li pa ka fè sa. E se vre. Kounye a, jis rete drèt avè L.

384 Nou konnen, sèl vèsè sa la . . . Mwen kwè presye frè nou an la, ki te batize yè swa, li te chante kantik sa: "O, lanmou Bondye." Yo di m ke yo te jwenn vèsè sa a, pati sa a ladan l, epengle sou miray yon enstitisyon moun fou. Lè sa te di:

Si nou ranpli ak lank oseyan an,

Oswa syèl la te vin yon pachemen;
E chak tij sou tè a yon plim,
Epi chak moun se yon ekriven;
Pou ekri lanmou Bondye anwo a
Tap drene oseyan an sèk;
Oswa èske woulo a te ka kenbe tout,
Menm si l te lonje soti nan yon syèl ale nan yon syèl.

385 Panse a sa. Lè, apeprè twa ka nan tè a se dlo. Epi gade idwojèn lan ak oksijèn nan lè a, imidite a ak tout bagay. Ou wè? Si chak imidite te lank. Epi panse a dè milya, ak dè trilyon ak dè trilyon pay, ki t ap plim. Epi panse a dè milya moun ki te sou tè a, e chak grenn nan yo yon ekriven. Pou tranpe plim sa yo nan oseyan an, epi eseye konprann lanmou Bondye a, t ap vide oseyan an sèk; oswa èske woulo a te ka kenbe tout, menm si l te lonje soti nan Letènite rive nan Letènite.

386 Pa eseye konprann Li, ou pa kapab. W ap pèdi tèt ou, nan eseye konprann Li. Jis kwè Li. Fè Li Absoli ou, rete la, dousè lapè a ak eksperyans ke ou p ap janm bliye. Ankre nan Sa, epi lank ou va kenbe anndan vwal la.

Ann bese tèt nou.

"Ala Ou gran! Ala Ou gran!"

387 Konbyen isi a, ak tèt nou bese maten an. . . Nouvèl Ane a ap apwoche kounye a. E nou te trè relijye, e sa se yon bon bagay. Mwen apresye sa, nou chak. Mwen sèten ke Bondye apresye sa. Men nou reyèlman pa t gen eksperyans absoli sa a?

388 Bagay sa ke w jis pa t pran pòz kwè, ou jis pa t imajine, men Yon Bagay te reponn ou, epi ou te wè lavi w chanje depi tan sa a. Ou wè, chak Pawòl Bondye, chak pwomès, make ak yon "amèn," alò w ap kenbe absoli a. Paske, sonje, Li di: "Syèl la ak tè a pral pase, men Pawòl Mwen p ap fayi."

389 Ou poko rive kote sa, kote ou ta ka di "amèn" pou chak Pawòl, si Li te kont kredo w, Li te kont denominasyon w, men ou vle vini nan plas sa, tankou Moyiz, tankou rès yo? Yo pa t ka fè sa jiskaske yo te sezi absoli sa. E ou vle l nan vi w maten an, èske w ta jis vle fè konn menm bagay la nan jis leve men w yo bay Bondye? Bondye beni w. Dakò, mesye. Nan tout bilding lan.

390 Papa ki gen gras, mwen konnen ke yon lè nou dwe separe. Dwe gen yon tan kote nou pral kite mond sa a. Nou pa konnen ki lè sa ye, e sa pa fè twòp diferans. Si tan nou an fini, alò nou vle vini. Objektif nou pou rete isi a se pou sèvi W.

391 E depi sou wout destriksyon yo, yon jou, menm jan Pòl te sou wout Damas la, pou fè ravaj nan Legliz la, yon Limyè te rann li avèg. E, O Bondye, Limyè sa te swiv li, paske Se te Kris. Epi li te ankre la nan yon absoli, ke, menm lanmò limenm, li te ka ri

nan figi l, epi di: “Mèsi bay Bondye Ki ban nou viktwa atravè Jezikri.”

392 Ou vin yon absoli konplè pou apot sa. Li te. . . Ou te Amèn lan pou li, nan chak fraz. Ou te Zetwal lavi l, poto pou gide a. Ou te bousòl la ki te gide l nan tanpèt la. Ou te revelasyon an. Ou te vizyon an. Ou te espwa li, sali li. Menm nan lè lanmò a, lè l te konnen li ta prale ladan l, Ou te toujou absoli li.

393 Ou te absoli Danyèl. Ou te absoli tout pwofèt yo. Nan mitan diferans denominasyon an, ak pwoblèm jou yo, ak Farizyen yo ak Sadiseyen yo, te toujou gen dèzòm ki te pran W pou absoli yo.

394 E jodi a, Seyè, gason ak fanm avèk konpasyon, ak lanmou, ak—ak kè k ap senyen, Seyè, pou yon eksperyans reyèl nan konnen Bondye, epi pou gen yon—yon—yon asirans de yon absoli. Petèt tout sa moun yo te janm konnen, anvan, Seyè, se te pou fè w manm legliz. E nou reyalize, jan m te eseye fè l, sensèman, pa pou m diferan; Ou konnen kè m; men di yo ke: “Ou pa ka fè w manm Legliz. Ou rantre nan lòj la, nan lòj Metodis, ak Batis, ak Katolik, ak Pannkotis yo. Men ou ne nan Legliz la, Kò mistik Kris la, epi ou vin manm Kò Li, avèk don Lespri yo, pou fè gran Kò Li a bouje an aksyon ak pwisans.”

395 Bondye, se sa men sa yo te vle di maten an, lè yo te leve anlè. “Plase m, O Seyè. Pran m, fasonnen m, fòme m. Jis fè pozisyon mwen nan lavi sitèlman yon absoli, atache ak Kris, ke m p ap panse a anyen lòt ke absoli sa.” Akòde l, Seyè. Beni yo. Geri malad yo ak aflije yo. Sove sa ki pèdi yo.

396 Kounye a, Seyè, nou konnen se koutim la pou rele moun yo sou lotèl la, men sa vin yon tradisyon pou nou. E maten an, avèk lotèl yo plen, epi timoun piti yo—yo ak—ak tout, men, Seyè, yon jan kanmenm Ou te pale avèk yo. Yo te leve men yo. Yo te pran—yo te pran, jan sa te ye a, yon desizyon. Yo vle. Yo—yo—yo vle yon bagay reyèl. E m ap ofri priyè m nan non yo. Akòde chak moun li, Seyè. Se pou W avèk nou kounye a, nan padonnen peche nou yo, geri maladi nou yo, epi ban nou delivrans nou bezwen an.

397 Epi, Seyè, anwo tout bagay, ke nou pa janm bliye, jodi a, ke nou atache ak absoli a, Etwal nò nou an, nan Kalvè a, nan Kris. E Sentespri a ap pran Pawòl Bondye yo epi fè Yo manifeste literalman pou nou, nan geri malad yo, nan montre nou vizyon yo, nan resisite mò yo, epi nan fè jis egzakteman sa Li te pwomèt pou fè.

398 E ke legliz sa, ak moun sa yo, oswa pòsyon Kò Kris la ki rasanble isi a maten an, viv tankou Jezi te di pou viv. “Nou se sèl tè a.” E ke yo vin tèlman sale jouk kominote yo va swaf. Sèl kreye yon swaf. E sèl ka sèlman sove lè li antre an kontak. E mwen priye, Bondye, ke Ou va akòde sa bay moun yo, pou yo ta ka moun k ap genyen nanm yo, tou.

399 Beni pastè nou an, Frè Neville, sèvitè enb sa a, Seyè. Li kanpe nan pòs devwa li, jis ak respè, antan ke yon manm nan Kò Kris la, l ap eseye tout sa l kapab pou swiv tout bagay ke Ou ta di l fè.

400 Beni administratè yo, mesye sa yo ki te kanpe avè m si tèlman ak gras nan gran, tan fè nwa sa ke m te pase a.

401 Kanpe ak Legliz la ki te priye avè m epi ki te kanpe bò kote m nan moman pwoblèm yo. Seyè, mwen renmen yo. E mwen ofri priyè pa m, pou yo va gade sou Ou, Seyè. Ke yo gade lwen ajil mòtèl sa a de yon sèvitè. Ke yo gade sou Limenm Ki Omnipotan an, Ki se . . . E nou konnen, Seyè, ke nou limite. Pe enpòt kimoun nou ye, nou toujou mòtèl. Men, se pa mesaje a, men Mesaj la. Akòde l, Seyè. Se la nou pwente, sou Jezikri Pitit Bondye a. Akòde ke Li va sitèlman reyèl pou chak moun isi a jodi a, menm pou timoun piti yo, ke Li va vin absoli a nan kongregasyon an an antye. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

Mwen renmen L, mwen renmen L
Paske Li te renmen m an premye
E L te achte sali mwen
Sou pyebwa Kalvè a.

402 Kounye a, pandan n ap chante l ankò, bay lanmen ak yon moun devan w, dèyè w, bò kote w, jis bay tout moun lanmen kounye a. Jis rete chita. Jis vire tounen epi bay lanmen, si w kapab. Ou wè?

Mwen . . . (. . . ?. . .)
. . . te achte pa m . . . ?. . .

Yo jis anonse: "Kominyon, lendi swa, a minwi."

403 Ann leve men nou kounye a epi chante pou Li. Konbyen, konbyen ki santi, nou, Li se Absoli nou? Pawòl la, Li se Pawòl la. Èske nou kwè sa? Li se Pawòl la. E Sentespri a te jème Pawòl sa, pou fè Limyè sa viv nan nou, de Pawòl la, konfimasyon Pawòl la. Mete Pawòl la nan kè nou. Kite Sentespri a antre, epi gade Pawòl la k ap aji. Kwè. Se pou n enb. Pa dezire vin yon gwo moun. Se pou w pa anyen ditou, pou Bondye ka fè w yon moun. Ou wè? Dakò. Fè sa kounye a.

404 Tout moun renmen L? Di: "Amèn." [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.] Nou konn kisa mo *amèn* lan vle di? "Se pou sa konsa." Amèn. Se vre.

405 Ann di: "Alelouya!" [Kongregasyon an di: "Alelouya!"—Editè a.] Nou konn kisa sa vle di? "Lwanj pou Bondye nou an."

406 Lè m te an Almay sa pa fè lontan, mwen te kanpe devan, apeprè, trant oswa karant mil moun la jou sa, e m te di: "Se yon bagay etranj ke noumenm moun Alman yo nou pa ka konprann." Mwen te di: "Sou wout mwen pou vin isit la jodi a, yon chen te jape dèyè m an Anglè. Se vre." Mwen di: "Li pa t gen okenn pwoblèm ditou. Epi yon zwazo te poze la, e li te chante pou mwen an Anglè. Mwen te desann nan lari a, epi yon manman te gen

yon ti bebe nan bra li, lè m te antre dèyè la a pa dèyè, epi," mwen di, "ti bebe sa t ap kriye an Anglè. Kisa k pwoblèm lan avèk noumenm moun yo?" Se vre. O, si nou jis gade toutotou, Li toupatou, se pa vre? Se sèten, Li toupatou.

407 Kounye a ann jis leve men nou epi fèmen je nou, epi chante, pandan n ap mande pastè a pou l avanse pou tèmine reyinyon an.

Ann leve kanpe, an premye. Tout moun sou pwòp pye nou, tout moun.

408 Èske nou renmen L? Ankò kounye a di: "Amèn." [Kongregasyon an di: "Amèn."—Editè a.]

409 E nou konnen, mo *alelouya* a se menm lan nan tout dyalèk. Ale nan jeng Hottentot yo an Afrik, *alelouya* se menm mo a. *Alelouya*, sa ta dwe prèske yon salitasyon Kretyen. Èske li pa ta dwe sa? *Alelouya*, mo a vle di "louwanj pou Bondye nou an." E Li diy pou sa, se pa vre? Li se Sovè m absoliman. Li se absoliman Jezikri, Pitit Bondye a, pou mwen. Li se absoliman "menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan," pou mwen. Èske se konsa Li ye pou ou?

Mwen renmen L, mwen renmen L
Paske Li te renmen m an premye
E te achte. . . (Bondye beni w, Frè.)

62-1230M Absoli
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org